Зыщ ди блэкIари, зыуэ щрет ди къэкIуэнури!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

# Адыгэ Псалъэ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№32 (24.782) • 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 15, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Муниципалитетхэм яхузэфIэкIынур мащIэкъым

**КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щекIуэкIащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм (АСМО) и зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Васильченкэ Дмитрий, Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Берд Хьэзрэталий, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я советым» и гъэзэщIакIуэ унафэщI Маслов Николай, республикэм и къалэ, район администрацэхэм я унафэщIхэр, министрхэр, Парламентым и лIыкIуэхэр.**



КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек** къалэхэмрэ районхэмрэ я пщэ къыдэхуэ къалэнхэм тепсэлъыхьащ, ди зэманым ахэр гъэзэщIа зэрыхъуну Iэмалхэм къытеувыIащ, республикэм и зыужьыныгъэм теухуауэ муниципалитетхэм я къалэныр зэрыиныр къыхигъэщащ Iэтащхьэм.

- Нобэ псори догупсыс Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам. Хэкур хъумэнымкIэ къалэн лъагэр ягъэзащIэ ди зауэлIхэм. Хахуагъэ абы къыщагъэлъагъуэ ди республикэм икIа щIалэхэм. СВО-м щыIэхэм, абы и ветеранхэм, зауэлIхэм я унагъуэхэм ядэIэпыкъунымкIэ, я Iуэхум зыщыгъэгъуэзэнымкIэ муниципалитетхэм мащIэкъым яхузэфIэкIыр, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым фызэрыпыщIами дыщыгъуазэщ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек СВО-р щекIуэкI зэманым къалэхэмрэ районхэмрэ абы теухуауэ ялэжьыр къыхигъэщу.

КъБР-м и муниципалитетхэм я зэгухьэныгъэм 2024 гъэм илэжьахэм, дызэрыт илъэсым зыхунэсахэмрэ къызэригъэпэщыну игъэбелджылахэмрэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и АСМО-м и унафэщI **Пэнагуэ Максим**. Абы къыхигъэщащ республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ лэжьэным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным теухуауэ тегъэщIапIэ пщIы хъун хабзэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыIэр. Мыхьэнэшхуэ зиIэу къилъытащ муниципалитетхэм я жэрдэмхэр республикэм и къэрал Iуэхущ1апIэхэм жыджэру зэрыдаIыгъыр. Щхьэхуэу я гугъу ищIащ муниципалитетхэр зыхэт урысейпсо зэпеуэхэм.

«КъБР-м и къуажэхэм я зыужьыныгъэр» къэрал программэр гъэзэщIа зэрыхъум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр **Сыжажэ Хьэсэн**. Къуажэ администрацэхэм я унафэщIхэр тепсэлъыхьащ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ муниципалитетхэм я лэжьыгъэм, республикэм зиужьынымкIэ сэбэп хъу жэрдэмхэм теухуа нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

Гъатхэпэм и 14-р Адыгэ тхыбзэм и махуэщ

## Гум и лъащIэм щахъумэ фIыгъуэ

**Лъэпкъым и анэдэлъхубзэр дамыгъэ хэхахэмкIэ къэгъэлъэгъуауэ, ар къыдекIуэкIыу, зиужьу, къыщIэхъуэ щIэблэм Iурылъу къэтэджыныр - ар уасэ зимыIэ фIыгъуэшхуэщ. А лъапIэныгъэр зей лъэпкъым щыщ дэтхэнэми гу лъащIэм щехъумэ, хуэсакъыу, игъафIэу, ихъумэу, зригъэужьу. Аращ адыгэхэри. Дэ тхыбзэ диIэу къызэралъытэрэ илъэси 172-рэ дыгъуасэ ирикъуащ.**

ТХЫДЭ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжымкIэ, 1853 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 14-м дунейм къытехьауэ щытащ адыгэбзэкIэ тха япэ тхылъыр - «Адыгэбзэ псалъалъэр». Ар зи къалэмыпэм къыщIэкIар лъэпкъ щIэныгъэлI Бырсей Умарщ. А зэманым къыщыщIэдзауэ адыгэхэм ди тхыбзэ диIэжу, ар гъащIэм къыщыдгъэсэбэпу, Iуэху ризетхьэу дунейм дытетщ. Ди анэдэлъхубзэм хуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ иIэн папщIэ, адыгэу дунейм тетым ди лъэпкъ зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм - Дунейпсо Адыгэ Хасэм - 2003 гъэм, абы теухуа унафэ щхьэхуэ къищтащ. Абы лъандэрэ илъэс къэс гъатхэпэм и 14-м Адыгэ тхыбзэм и махуэр догъэлъапIэ, Бырсейм и «Адыгэбзэ псалъалъэр» къыщыдэкIар и лъабжьэу.

Адрей тхыбзэхэм еплъытмэ, адыгэхэм дыдейм къикIуа гъуэгуанэр кIыхькъым, арщхьэкIэ абы зыкIи игъэлъахъшэркъым ди анэдэлъхубзэм и лъапIагъыр, игъэмащIэркъым и IэфIагъыр. Ди лъэпкъым бгъэдэлъ зыужьыныгъэм, щIэныгъэм, гъэсэныгъэм, щэнхабзэм я лъапсэщ ди анэдэлъхубзэр. А фIыгъуэм, ди адыгэбзэм, зиужьыным, зиузэщIыным сыт хуэдэ зэмани иропIейтей ди лъэпкъым и цIыху пэрытхэр, хэкупсэ нэсхэр.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*

**Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыхилъхьауэ, Адыгэ тхыбзэм и махуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зэгъусэу Iуэрытх щатх нэхъыжьи нэхъыщIи, цIыху къызэрыгуэкIи къулыкъущIи. ЦIыхухэр щызэхуос къалэ, къуажэ курыт еджыпIэхэм, библиотекэхэм.**

# КърихьэлIат нэхъыжьи нэхъыщIи

МЫ гъэм ар ебланэу къызэрагъэпэщащ. Iуэрытхыр Налшык къалэм щрагъэтхащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым, КъБКъУ-м, КъБР-м и Лъэпкъ библиотекэм.

Адыгэбзэм и пщIэр къэIэтыжыным, лъэпкъым и анэдэлъхубзэр егъэфIэкIуэным, щэнхабзэр хъумэным хуэгъэпса мы Iуэхур онлайн, офлайн щIыкIэхэм тету ирагъэкIуэкIащ. Мы гъэм Iуэрытхым папщIэ къыхахар Къэрмокъуэ Хьэмид и тхыгъэщ - «ДжэгуакIуэхэмрэ Хэкум и хъумакIуэхэмрэ» фIэщыгъэр иIэу.

- Адыгэ тхыбзэм и махуэмкIэ нобэ псоми сынывэхъуэхъуну сыхуейщ. Ди лъэпкъыр сыт щыгъуи щIэращIэу, и хабзэкIи, и бзэкIи, и дуней тетыкIэкIи зиузэщIу зэманым дэгъуэгурыкIуэну си гуапэщ. Мыпхуэдэ Iуэху дахэ хэтыну гупыж зыщIахэм фIыщIэ фхудощI. 2025 гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу къэралым зэрыщагъэувар къэтлъытэри, Къэрмокъуэ Хьэмид и тхыгъэр къыхэтхащ. Iуэрытхым кърихьэлIахэм тхыгъэм къыфхуеджэну хуэдгъэфэщащ 2024 гъэм «Лъэпкъыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ нэхъыфI» республикэ зэпеуэм текIуэныгъэр къыщызыхьа Жылау Жаннэ. Ар ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэтащ урысейпсо зэпеуэми», - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Iэминат.

Лъэпкъ библиотекэм Iуэрытхыр зытхыну къыщызэхуэсахэм захуигъэзащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд. Ар псоми ехъуэхъуащ Адыгэ тхыбзэм и махуэр лъэпкъым хуэфIыну. «Нобэ ди республикэм и мызакъуэу, адыгэ Iуэрытхыр щатх Къэрэшей-Шэрджэсми, Адыгейми, уеблэмэ адыгэхэр щыпсэу хамэ къэралхэми. Мы Iуэху дахэр иджыри илъэс куэдкIэ тхуегъэкIуэкIыну Тхьэм жиIэ», - къыхигъэщащ абы. ХьэфIыцIэм къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Iуэрытхым къыхухаха тхыгъэр зи IэдакъэщIэкI Къэрмокъуэ Хьэмид къыщалъхуа махуэри гъатхэпэм и 14-м зэрытехуэм. Абы ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием къыбгъэдэкIыу Лъэпкъ библиотекэм тыгъэ хуищIащ иужьрейуэ къыдагъэкIа тхылъипщIрэ журнал зыбжанэрэ.



Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат жиIащ: «Мы гъэр Хэкум и хъумакIуэм и илъэсу ягъэуващи, къэралым абы епхауэ Iуэхугъуэ куэд щокIуэкI. Дэри абы тегъэщIауэ тхыгъэр къыхэтхащи, дыщогугъ ар гунэс фщыхъуну. Къэрмокъуэ Хьэмид и тхыгъэр Хэкур фIыуэ лъагъун зэрыхуейм и мызакъуэу, адыгэ гъащIэм, лъэпкъ щэнхабзэм, гупсысэкIэм зэрепхам и мыхьэнэр нэхъ иныж зэрищIыр шэч зыхэмылъщ. Анэдэлъхубзэм пщIэ хуэтщIу, лъэпкъым зедгъэужьыфу, Хэкум дыкъыщхьэщыжыфу ди гъуэгуанэр адэкIи дыухуэфыну ди гугъапIэщ. Тхыгъэр тынш дыдэу пхужыIэнукъым, ауэ абыи зы фIагъ гуэр хэлъщ - узыщымыгъуазэ гуэр къэпщIэху, уи щхьэм ибубыдэху, къэухьми зеужь. Тхьэм фригъэфIакIуэ».

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Ягъэтэмэмынущ зэращэ щIыкIэр

**КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зи чэзу зэIущIэм Iуэхугъуэ 20-м щIигъум щыхэплъащ. Абыхэм ящыщщ «КъБР-м административнэ хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымкIэ и кодексым и Iыхьэ 8.5-м и 5-нэ частым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» республикэ законыр.**

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI АфэщIагъуэ Михаил жиIащ законопроектым халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэм зэрагъэбелджылыр муниципальнэ ахъшэм ехьэлIа кIэлъыплъыныгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ, административнэ хабзэхэр къызэрызэпаудам и протоколхэр зытхыну хуит къулыкъущIэхэр. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, зэхъуэкIыныгъэхэр сэбэп хуэхъунущ УФ-м и бюджет законодательствэр къызэрызэпаудым и бжыгъэр гъэмэщIэным.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и ЩIы кодексым и Iыхьэ 14, 17-хэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэнымрэ щIыналъэм псэупIэ щаухуэн папщIэ цIыху щхьэхуэхэм пщIэншэу щIы Iыхьэ зэрыратым и IуэхукIэ» законопроектым.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI ТекIушэ Артур къыхигъэщащ дэфтэрыр зэрыхуэунэтIар УФ-м и Президентым «УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я пщэрылъ къалэнхэр ягъэзэщIэным хуэгъэзауэ зэгурыIуэныгъэм Iэ тезыдзахэм зэрызыщIагъакъуэ Iэмалхэм дэщIыгъуным ехьэлIауэ» и унафэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным.

АдэкIэ щыхэплъащ «КъБР-м административнэ хабзэхэр къыщызэпемыгъэудынымкIэ и кодексым и Iыхьэ 7-1.13-мрэ «Фадэрэ къару къыпхэзылъхьэу къалъытэ псыхэмрэ зэращэр гъэтэмэмыным теухуауэ» КъБР-м и Законымрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ» законопроектым.

КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу IэнатIэмкIэ и комитетым и унафэщI Къалмыкъ Марат жиIащ зи гугъу ящIхэр щащэ щIыпIэхэр ягъэмэщIэнымрэ апхуэдэхэм зэман хэха яIэу щIынымрэ дэфтэрыр зэрытеухуар.

Депутатхэр тепсэлъыхьащ «Псапэ Iуэхухэр къызэрызэрагъэпэщым ехьэлIауэ» законопроектым. КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Коротких Ольгэ жиIащ законопроектымкIэ республикэ унафэщIхэм я пщэрылъхэр зэрызыщхьэщахыр, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэрым волонтёр лэжьыгъэм щытекIуадэм хухах ахъшэр зэрагъэбелджылыр.

ЗэIущIэм щыхэплъащ «УФ-м административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкIэ и кодексым и Iыхьэ 125-м хэлъхьэн хуей зэхъуэкIыныгъэхэм ятеухуауэ» Федеральнэ закон № 818393-8-м КъБР-м и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ и комитетыр зэрыпэджэжым.

Къэрал, муниципальнэ мылъкур уней зэращIым, хьэрычэт Iуэху мащIэмрэ курытымрэ, егъэджэныгъэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зегъэужьыным теухуа федеральнэ законхэм я проектхэми тепсэлъыхьащ депутатхэр.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Гум и лъащIэм щахъумэ фIыгъуэ

***(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).***

Пасэ зэманым абы елэжьахэщ лъэпкъ узэщIакIуэхэу Хъанджэрий СулътIан, Нэгумэ Шорэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий, Тамбий Пагуэ сымэ. Абыхэм къэрахьэжьа Iуэхум пищэу, адыгэбзэм и зэфIэгъэувэным елэжьащ лъэпкъ еджагъэшхуэ Бырсей Умар. Абы и къалэмыпэм къыпыкIа, адыгэбзэкIэ тха япэ тхылъым - «Адыгэбзэ псалъалъэм», нобэрей щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, а зэманым мыхьэнэшхуэ иIащ: япэрауэ, лъэпкъым бзэ иIэу къалъытащ, етIуанэрауэ, апхуэдиз макъ зэщIэжьыуэр хьэрфхэмкIэ къэгъэлъэгъуа хъуащ. Апхуэдэу адыгэбзэм и зыужьыныгъэм хуэунэтIауэ щытащ еджагъэшхуэм зэман кIыхькIэ иригъэкIуэкIа нэгъуэщI къэхутэныгъэхэри. Бырсейм и лэжьыгъэм пащащ абы иужь ита ди лъэпкъ щIэныгъэлIхэм, къэхутакIуэхэм.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и пэщIэдзэм екIуэкIа Жэпуэгъуэ революцэшхуэм и ужькIэ адыгэбзэм и хьэрфхэр урысыбзэм и дамыгъэхэмкIэ къагъэлъагъуэ хъуащ. ИлъэситI-щы нэхъ дэмыкIыу бзэм и макъхэр хьэрып хьэрфылъэм хуагъэкIуэжащ. АбыкIэ къэбэрдей школхэм щрагъэджащ илъэс зыбжанэкIэ. ИужькIэ, 1923 гъэм и пэщIэдзэм, адыгэбзэм зегъэужьыным хуэунэтIа зэIущIэ ин Псыхуабэ щрагъэкIуэкIащ. Абы унафэ къыщащтащ адыгэбзэр латин графикэм тегъэувэн хуейуэ. Лъэпкъыбзэу дунейм тетхэм я нэхъыжьхэм хабжэ ди адыгэбзэр латин хьэрфхэмкIэ къэгъэлъэгъуэным яужь ихьауэ щытащ адыгэ щIэныгъэлI, еджагъэшхуэ, хэкупсэ нэс Хъуран Батий. Латин хьэрф тхыкIэм Хъураным иригъэзэгъа адыгэбзэм и алфавитым цIыхубэр щыгъэгъуэзэн мурад яIэу адыгэ щIэныгъэлIхэу Елбэд Хьэсэнрэ Къэшэж ТIалибрэ 1923 гъэм къыдагъэкIауэ щытащ «Адыгэбзэм и азбукэ» тхылъыр. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым, алыфбеищIэм зэман пыухыкIакIэ хэплъэжа нэужь, абы хэлъ ныкъусаныгъэхэр игъэзэкIуэжщ, зыхущыщIэхэр хилъхьэжри, Хъураным 1924 гъэм «Букварь» къыдигъэкIауэ щытащ.

Адыгэ тхыбзэм зегъэужьыным а зэманым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ «Къэрэхьэлъкъ» япэ лъэпкъ газетми. Абы алыфбеищIэр щызэхалъхьэ, щыпхагъэкI къудейтэкъым, атIэ традза тхыгъэхэмкIэ цIыхухэм къеджэкIэрэ тхэкIэрэ ирагъащIэрт. Хъуран Батий зэхигъэува алыфбейр адыгэхэм апхуэдэу илъэс бжыгъэкIэ тхуэлэжьащ. Ар щахъуэжар 1936 гъэращ. Абы щыгъуэ адыгэбзэр урыс хьэрфылъэм и дамыгъэхэмкIэ къэгъэлъэгъуэн щIадзэжауэ щытащ, иджыри абы тетщ.

Лъэпкъым и блэкIари, и нобэри къэзыгъэлъагъуэу, и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр къэкIуэну щIэблэхэм яхуэзыхъумэу щыIэр тхыбзэрщи, абы сыт щыгъуи гулъытэ хуэщIыпхъэщ. Лъэпкъыбзэу щыIэхэм я нэхъыжьхэм хабжэми, ди адыгэбзэм и Iуэхуми узыгъэпIейтей куэд хэтщ. Абы и щыхьэтщ Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) бзэхэм елэжь и къудамэм иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэр. Абыхэм къагъэлъагъуэ адыгэбзэр зызыужь, ефIакIуэ бзэхэм зэращымыщыр. Уеблэмэ, ар зыхэт абхъаз-адыгэ бзэ гупым хыхьэхэм ящыщ гуэрхэр Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэм я Тхылъ Плъыжьым иратхащ.

КъэкIуэну дахэ къызыпэплъэ лъэпкъ узыншэу дыщытын папщIэ, ди анэдэлъхубзэм, «ахэр лъэпкъщ» къытхужезыгъэIэ ди бзэм дэтхэнэ адыгэми пщIэшхуэ хуищIу, лъагъуныгъэ мыкIуэщI хуиIэу щытын зэрыхуейр хьэкъщ. Апхуэдэущ зэрыпсэуар дяпэ ита нэхъыжьыфIхэр, абы дытетыпхъэщ нобэрей адыгэхэри, къытщIэхъуэ щIэблэри.

«Ди бзэр ди псэщ», - жаIэ адыгэхэм. Тхыбзэри аращ. Адыгэбзэр дэтхэнэ ди цIыхуми и гъуэгу къежьапIэу, ди лъэпкъыр зыIэт, адрейхэм езыгъэлъагъу, езыгъэцIыху дамэу, адыгэр дызэрыгушхуэ, дызэрыпагэ, ди напщIэм телъ лъапIэныгъэу дапщэщи щрырет.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI.*

# Жырыкъ Заурбэч Аслъэмбий и къуэр



Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ: и ныбжьыр илъэс 79-м иту дунейм ехыжащ Кавказ Ищхъэрэм и композитор нэхъ пажэхэм ящыщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Композиторхэм я зэгухьэныгъэм хэта Жырыкъ Заурбэч Аслъэмбий и къуэр.

Жырыкъ Заурбэч 1947 гъэм щIышылэм и 27-м Налшык къалэм къыщалъхуащ. Макъамэм ар хэзышар и анэрщ - ар мандолинэм, балалайкэм, гитарэм еуэным иригъасэрт. 1958 гъэм Налшык дэт макъамэ училищэм щIэтIысхьащ, ар къиухри, и еджэным щыпищащ Ленинград консерваторэм, абы иужькIэ Гнесинхэ я цIэр зэрихьэу Москва дэт макъамэ педагогикэ институтым щеджащ.

Жырыкъ З. А. щIыхь пылъу пищащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и композитор нэхъ Iэзэхэм пхаша лъагъуэм, абыхэм я творческэ хабзэхэм икIи лъэпкъ макъамэм и тхыдэм езым и напэкIуэцIхэр иритхэжыни хузэфIэкIащ. Иджырей макъамэ гъуазджэм и гъуэгур зыубзыхуа композитор Iэзэхэу Балэ Мухьэдинрэ Къардэн Хьэсэнрэ зи гъуазэ щIалэр макъамэ еджапIэм щIэсу жанр зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэу, макъамэхэр итхыу хуежьащ. Абыхэм занщIэу гу лъатащ макъамэр фIыуэ зылъагъухэм икIи цIыхубэри я гуапэу IущIауэ щытащ абы и творчествэм.

Композиторым зэхилъхьа макъамэхэм, гъуазджэм уасэ зимыIэ и хэлъхьэныгъэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм яхуэфащэ увыпIэ щаубыдащ. Абы макъамэ зыхуитха уэрэдхэр цIэрыIуэ хъуащ, ди уэрэджыIакIуэ пажэхэм ягъэзащIэ. Республикэм щыпсэухэр фIыуэ щыгъуазэщ композиторым и лирическэ уэрэдхэу «На мою ладонь садитесь, птицы» («Си Iэгум фыкъитIысхьэ, бзухэ»), «Кавказым къыщыкIа пхъэхуей», «Уи деж», «Си гъатхэ, къэгъэзэж» жыхуиIэхэм, нэгъуэщI куэдми. Апхуэдэу Жырыкъым республикэм и театрхэм щагъэува спектаклхэм макъамэхэр яхуитхырт.

Критикхэм ар къалъытэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым и макъамэтх нэхъыфIхэм ящыщу, икъукIэ цIэрыIуэ хъуа, КIыщокъуэ Алим и псалъэхэр зыщIэлъ «Бзухэм яхузэIуха Iэгу» уэрэдыр цIыхухэм гунэс ящыхъуам и мызакъуэу, жьы хъуркъым, цIыхухэр яфIэфIу ноби йодаIуэ. Жырыкъым и уэрэдхэр Урысейм щынэхъыфIхэм хабжэ, ахэр ятеухуащ гуапагъэмрэ дахагъэмрэ, Хэкур фIыуэ лъагъуным, дэтхэнэ зы цIыхум и лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэм. Абы и уэрэдхэр я тхьэкIумэм иту къэхъуар зы щIэблэкъым икIи и IэдакъэщIэкIхэм я мыхьэнэр ноби нэхъ мащIэ хъуакъым.

Заурбэч Аслъэмбий и къуэр дунейм зэрехыжар Къэбэрдей-Балъкъэрым и макъамэ щэнхабзэмкIэ, абы и Iыхьлыхэм я мызакъуэу, дэ тщыщ дэтхэнэ зым дежкIи хэщIыныгъэшхуэщ. Ар ящыщщ гъуазджэ нэсым къулыкъу хуэзыщIа цIыху зэчиифIэхэм.

Дахуогузавэ ди республикэм и щэнхабзэм къызэрымыкIуэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа Жырыкъ Заурбэч и Iыхьлыхэм, и благъэхэм, и ныбжьэгъуу, лэжьэгъуу щытахэм.

Жырыкъ Заурбэч Аслъэмбий и къуэм, композитор Iэзэм, интеллигент нэсым, цIыху щыпкъэм, и фэеплъ нэхур игъащIэкIэ ди гум илъынщ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэ,**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Композиторхэм я зэгухьэныгъэ.**

# Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 15**, *щэбэт*

♦**1880 гъэм** къалъхуащ адыгэхэм я цIыхубэ лIыхъужь **Къылыш СулътIан-Джэрий**.
♦**1913 гъэм** къалъхуащ адыгей драматург, актрисэ **Натхъуэ Долэтхъан**.
♦**1934 гъэм** къалъхуащ Амман дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэу щыта, Хьэшимит къэралыгъуэм и сенатору лэжьа **Къардэн Самир**.
♦**1974 гъэм** къалъхуащ публицист, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **ТIэш Светланэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 12 - 16 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-5-кIэ зихъуэжынущ.

**Гъатхэпэм и 16**, *тхьэмахуэ*

♦**1942 гъэм** къалъхуащ УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Дагъыстэным я цIыхубэ дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 13 - 16 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 17**, *блыщхьэ*

♦**Адыгэ Республикэм и парламентаризмэм и махуэщ**
♦**1918 гъэм** къызэIуахащ Тэрч щIыналъэм ис лъэпкъхэм я II съездыр.
♦**1938 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и цIыхубэ сурэтыщI **Дыгъужь Мыхьмуд**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Гъуабжэ псори мыщэкъым, лыд псори дыщэкъым.**

# Акъыл ІэрыщІыр утыку къохьэ

**Ди гъащІэм лъэ быдэкІэ къыхыхьащ Интернетыр. Иджы абы нэхъри зиужьри, Нейросетыр къежьащ, сыт хуэдэ бзэкІи лэжьыгъэ куэд ищІэфу. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди республикэми анэдэлъхубзэм теухуауэ Іуэху щхьэпэ щрагъэкІуэкІащ, дяпэкІэ адыгэбзэкІэ лэжьэн щІидзэнущ «Яндекс-ЗэдзэкІакІуэм». Апхуэдэ дыдэу хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми Интернетыр къагъэІурыщІэ нобэрей зэманым декІун, я бзэр хамэбзэм хэмышыпсыхьыжын щхьэкІэ. Абы и зы щапхъэщ «Жьынэпс» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэжбэвыкъуэ Эрдогъан (Тырку) къытхуригъэхьа тхыгъэм зи гугъу щищІыр.**

2024 ГЪЭМ и дыгъэгъазэ мазэм утыку къихьащ Mozilla-Common Voice Circassian зыфІаща социальнэ напэкІуэцІыр. Абы и гугъу къытхуищІащ лэжьыгъэр зыхэзыубла, Истамбыл Окан Университетым и тэрмэш щІэныгъэ къудамэм и тхьэмадэ, университетым и егъэджакІуэ, бзэщІэныгъэхэмкІэ доктор Папшу Мурат.

«Бзэр трегъэтхэныр, адыгэбзэм хуэдэу, кІуэдыжынкІэ шынагъэ зиІэ бзэхэм папщІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэщ. Мыпхуэдэ бгъэдыхьэкІэр бзэр хъумэжынымкІи къэкІуэну щІэблэм къыхуэгъэнэжынымкІи нэхъ хэкІыпІэфІщ. Мы лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм тыркубзэм, урысыбзэм, хьэрыпыбзэм яхэту къадекІуэкІа ди бзэм и щІыпІэбзэ, жьэрыІуатэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэм ирипсалъэ адыгэхэм я псэлъэкІэр трегъэтха хъунущ. Ауэ щыхъукІэ, трегъэтхэным мылъкушхуэ хэплъхьэми, къэхутакІуэ гуп къепшалІэми, илъэс бжыгъэкІэ пхуэмыухын Іуэхугъуэщ.

Дэ дызэрылажьэр, Common Voice жыхуаІэр, нэхъыбэу къызэрацІыхур Firefox браузерущ, Мозиллэ фирмэм ейуэ. Мыр езым я фІэфІыныгъэкІэ хыхьэ цІыхухэм я зэфІэкІкІэ, бзэм ехьэлІа щІэныгъэ лъапсэхэр зэхуэхьэсынымкІэ, пщІэншэу лажьэ, псоми яхузэІуха утыкущ. Дунейм тет бзэхэм я макъ трегъэтхэным я нэхъыбэр фирмэшхуэхэм я унафэм зэрыщІэтым и щхьэусыгъуэкІэ, зэхъуэкІыныгъэщІэхэм зэран хуохъу икІи дунейм тет бзэхэмрэ лъэпкъ гуп зэмылІэужьыгъуэхэмрэ нэгъэсауэ къэгъэлъэгъуа хъуркъым. Абы иткъ иткІэ, 2019 гъэм Мозиллэм, зи гугъу тщІы проектыр зэхиублащ. Дунейм и дэтхэнэ щІыпІэми щыщу, бзэ зэмылІэужьыгъуэкІэ псалъэ цІыхухэм я макъ трегъэтхэныр зэхуахьэсу, утыку кърахьэурэ, мы Іуэхугъуэм пэщІэувэну мурад ящІащ. Common Voice-р нобэр къыздэсым бзэуэ 130-м къагъэщхьэпауэ, и бжыгъэр кІуэ пэтми хохъуэ.

НобэкІэ акъыл ІэрыщІым ди гъащІэм увыпІэшхуэ щиубыдауэ щытщ. Уеблэмэ щІэныгъэ-фантастикэ фильмхэр нэрылъагъу зэрыхъуам щыхьэт дытохъуэ. Пщэдей акъыл ІэрыщІым хузэфІэкІынур къэщІэгъуейщ. Common Voice утыкум щызэхуэхьэса хъуа щІэныгъэ лъапсэхэмкІэ, акъыл ІэрыщІым ирагъэщІа адыгэбзэр къэгъэщхьэпа хъунущ: макъ трегъэтхар тхыбзэкІэ зэдзэкІынымкІэ, тхар макъкІэ къэгъэІужынымкІэ, макъгъэІукІэ программэхэмрэ ІэмэпсымэхэмрэкъэгъэлэжьэнымкІэ, бзэр зэзыдзэкІ программэхэмкІэ, бзэм и зэгъэщІэнымкІэ, бзэ щІэныгъэхэм я къэхутэнымкІэ.

Common Voice-р ар технологиехэр къэгъэщхьэпауэ бзэр егъэщІэнымкІэ, трегъэтхэнымкІэ псоми яхузэІуха утыкущ. ЛъэІу тхылъкІэ уи бзэри яхэбгъэхьэ мэхъу, ауэ а лэжьыгъэр къызыфІэІуэху гуп зэхуумышэсмэ, Іуэхур кІуэтэнукъым. 2020 - 2023 гъэхэм Истамбыл и Кавказ Щэнхабзэ Хасэмрэ Лазхэм я институтымрэ зэгъусэу етхьэжьа проектым дыщелэжьым щыгъуэ, акъыл ІэрыщІым теухуауэ дезыгъэджа Бюлент Оздэн къэтцІыхуащ. Бюлент Оздэн Тыркум и Common Voice-м и тетщ, мы Іуэхум и техникэ лъэныкъуэхэмрэ системэм и лэжьэкІэмрэ фІы дыдэу хэзыщІыкІ компьютер инженерщ. Ар мыхъуатэмэ, мы Іуэхугъуэр къытхуехьэжьэнутэкъым икІи тхуэгъэкІуэтэнутэкъым.

Mozilla-м «бзэ кІуэдыжыгъуафІэ, зэфІэкІ зыхуримыкъухэр» къыхуреджэ Common Voice-м къыхыхьэну. Ди зэрыцІыхуныгъэм и фІыгъэкІэ, адыгэбзэри абы хэдгъэхьэну унафэ тщІащ. 2024 гъэм и шыщхьэуІу мазэм гуп цІыкІу дызэрыгъэхъури, Іуэхум дыпэрыхьащ. Адыгэбзэм зы бзэу, къуэкІыпІэ, къухьэпІэ щІыпІэбзэхэр и лІэужьыгъуэу иредгъэтхэну дыхуеят, ауэ къыдэхъулІакъым. Абы и щхьэусыгъуэр, Дунейпсо Бзэхэм я Зэгухьэныгъэм, щІыпІэбзитІыр адыгейр - «ady» щІыкІэу, къэбэрдейр – «kbd» щІыкІэу, бзэ щхьэхуэхэущ къызэрищтар. Common Voice-м и хабзэмкІэ узыІуплъэ напэкІуэцІым итыр щхьэж езым и бзэмкІэ къэгъэлъэгъуэжауэ щытын хуейщ. Апхуэдэу ІэмалыншагъэкІэ, адыгеибзэр, къэбэрдеибзэр напэкІуэцІитІу дгъэхьэзырын хуей хъуащ, икІи итхауэ щытыпхъэ тхыгъэхэри зэддзэкІри, интернет напэкІуэцІхэр къызэІуедгъэхащ. 2024 гъэм и фокІадэ мазэм едгъэжьащ къызэрапщытэ япэ макъ трегъэтхэныр.

Common Voice-р къапщтэмэ, макъымрэ тхамрэ зэщІэгъэувэн щІыкІэм тету мэлажьэ. Уи пащхьэ псалъэуха кърелъхьэ, абы укъоджэри ибогъэхь. Езы Common Voice-м жыІэкІэмкІэ, «уи макъыр яхыболъхьэ». Акъыл ІэрыщІым и лэжьэкІэмкІэ уеплъмэ, а зы псалъэухам цІыху нэхъыбэ къеджэху нэхъыфІщ. Мыбдеж псалъэм и къэпсэлъыкІэракъым нэхъыщхьэр, мыхьэнэ зиІэр псалъэухахэм, псалъэхэм ущымыуэу зэрытхам хуэдэу укъеджэу трегъэтхэнырщ.

Псалъэухаитхур требгъэтха иужь системэм ибогъэхь. ЩІыпІэбзитІри Кавказым къыщагъэсэбэп тхыбзэм къезэгъыу тетщІыхьащ. Абы къыхэкІкІэ, псалъэухахэр кириллицэм тету тхащ, урысыбзэм къыхэкІыу къыхыхьа псалъэхэри къыщыхэхуэ щыІэщ. Абы и щхьэусыгъуэу, япэщІыкІэ тредгъатхэу къыщІэддзащ кириллицэм къеджэфхэм я макъхэр. Ауэ Тыркум щыпсэухэу адыгэбзэр зыщІэхэм я нэхъыбэр кириллицэм къызэремыджэфым къыхэкІкІэ, 2025 гъэм и мазае мазэм къыщыщІэдзауэ адыгэбзэ псалъэхэр латиницэ тхыкІэкІэ зэдзэкІауи хэдгъэхьащ. Ауэ а лъэныкъуэмкІэ сыт хуэдизкІэ дефІэкІуэнуми тщІэркъым.

Иджыри Іуэхугъуэ къытпэщылъхэм ящыщщ Common Voice-м и Beta проектым щІэту зригъэужь «къызэрыгуэкІ жьэрыІуэтэбзэ» лэжьыгъэри, ари куэд дэмыкІыу утыку къитхьэнущ.

Мыбдеж итынур укъызэджэн хуей псалъэухахэракъым, атІэ жэуап зэптыжын хуей упщІэхэращ. МакъкІэ трагъэтха жэуапхэм иужькІэ едэІуэжурэ, псалъэкІэ тхыжа хъунущ. Езы упщІэхэр тхауэ кърагъэхь, ауэ макъкІэ зэрытрагъэтхэнымкІэ чэнджэщэгъу дахуэхъуащ».

*Зыгъэхьэзырар*
**КЪЭБАРТ Мирэщ**.

● Къэрал гулъытэ



# Анэдэлъхубзэм и гупсэхэр

**Адыгэ тхыбзэм и махуэшхуэр ягъэлъапІэу дэнэкІи Іуэхугъуэ дахэ куэд дапщэщи щокІуэкІ. ЕджапІэхэм, гъэсапІэхэм къыщызэрагъэпэщ лэжьыгъэ щхьэпэхэм къадэкІуэу, щІыпІэ унафэщІхэми гулъытэ хэха хуащІ абы. Апхуэдэу Аруан щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ ЛІыжьыкъуэ Хьэзрит гъатхэпэм и 13-м яхуэзащ районым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж лэжьакІуэ пэрытхэм икІи зи пашэ къэрал ІэнатІэм къыбгъэдэкІ щІыхь тхылъхэмрэ удз гъэгъа Іэрамэ дахэхэмрэ яритащ.**

КЪЭРАЛ гулъытэ хуагъэфэщащ Аруан щІыналъэм и курыт школхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ илъэс куэд лъандэрэ псэ хьэлэлу щезыгъэджхэу Тхъуэст ФатІимэт (Нарткъалэ дэт лицей №1), Жыласэ Заремэ (Нарткъалэ дэт курыт школ №2), Лий Маритэ (Джэрмэншык къуажэм дэт курыт школ), Къущхьэ Ритэ (Нарткъалэ дэт курыт школ №6) сымэ. ЛІыжьыкъуэ Хьэзрит гуапэу ехъуэхъуащ щІыналъэм и егъэджакІуэ пашэхэм икІи фІыщІэ ин яхуищІащ лъэпкъым и гупсэ ди анэдэлъхубзэр хъумэным, абы зегъэужьыным, а фІыгъуэр къытщІэхъуэ щІэблэм яІурылъу, фІыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыным хуэунэтІауэ абыхэм зэфІах лэжьыгъэшхуэм папщІэ.

ЩІыналъэм и Іэтащхьэм драгъэкІуэкІа псалъэмакъым къриубыдэу егъэджакІуэхэр кІэщІу къытеувыІащ ди бзэм нэхъри зиужьынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм, апхуэдэуи къыхагъэщащ къыхуащІа гулъытэр гуапэ дыдэ зэращыхъуар.

**ТАМБИЙ Линэ**.

# Сысейщ, сегъэдахэ, сеІэт

**Бзэр лъэпкъым и фащэщ. Ар къокІуэ дызэрыбауэ хьэуам хэту, псэм пэгъунэгъуу, Іэпкълъэпкъымхэгуэшауэ. Абы блэкІар къепщытэж, ит зэманыр егъэнаІуэ. Лъэпкъым и къэкІуэнур зыхуэдэнум ущегупсыскІи узэжалІэр аращ. Бзэмрэ хабзэмрэ зэщІыгъущ, абыхэм къапкърокІыж лъэпкъым и шыфэлІыфэ екІухэр. Сыт хуэдэ адыгэ лъэпкъым и хьэлыр, и хабзэр, и щэнхабзэр? Нобэ бзэр хъумэным хуэныкъуэ е езы лъэпкъыр къихъумэрэ абы? Сыт хуэдэ Іэмалхэр щыІэ щІэблэм анэдэлъхубзэр яІурылъхьэным теухуауэ, сыт нэхъыщхьэу хэлъ ди лъэпкъ шыфэлІыфэм? Сыт лъэпкъым и къарур, и тІасхъапІэр, и насыпыр? Мы упщІэхэм теухуауэ я гупсысэхэр къагъэнэІуащ зи ІэщІагъэкІэ зэхуэмыдэ цІыху зыбжанэм. Ахэр хэт Хэкум щопсэу, хэти хамэ щІыпІэм щыхэхэсщ. Гъунэгъу зэхуэзыщІыр лъэпкъ Іуэхурщ.**

**Езауэ Мадинэ**, *филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, ЦІыпІынэ Аслъэн и цІэр зезыхьэ Адыгэ щэнхабзэ центрым и унафэщІ:*

- Ди деж хуэдэу нэхъыжьымрэ нэхъыщІэмрэ щызэрылъытэ лъэпкъ щыІэу къыщІэкІынкъым. Къытхуэнащ ар, тхэлъщ, хэт сыт жиІэми. Адыгэм укІытэ хэлъщ, напэр къабзэу ихъумэну хущІокъу. ДызытекІ мыхъу хабзэхэр тІэкІу ткІийуэ гугъу дыщрагъэхьи щыІэщ. Ауэ а гугъуехьым ди псэр егъэнщІыж. Мис ар ди лъэпкъым и къарущ.

**Дзасэжь Ларисэ**, *филологие щІэныгъэхэмкІэ кандидат, КъБКъУ-м инджылызыбзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ:*

- Бзэр тхыдэ щІэинщ, псалъэкІэ бауэу. Абы къыпкърокІ лъэпкъым и хьэл-щэныр, и гупсысэкІэр, и псэр. Бзэ тІурымылъмэ, лъэпкъыу дыщыІэфынукъым. ЗэрытщІэщи, ЮНЕСКО - м ди адыгэбзэр яхибжащ кІуэдыжынкІэ шынагъуэ ихуа бзэхэм. ДызыІут ІэнатІэр гугъу пэтми, дэ Іэмал гуэрхэри диІэщ ди бзэм и псэр къедгъэлынымкІэ. Пэжым ухуеймэ, ди фІэщу зетпщытмэ, абы тхуэмыгъэзэщІэн хэлъкъым – ауэ сыт – дызэкъуэувэн хуейщ абы папщІэ. Дауи щІыи, дэ ди ныбжьым итхэращ абыкІэ жэуап нэхъ къызытехуэр – мыгувэ щІыкІэ, хэкІыпІэу щыІэхэр къэдгъэсэбэпын хуейщ.

**Мэлей ФатІимэ**, *«Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и лэжьакІуэ:*

- Лъэпкъым зиужьын щхьэкІэ, япэ дыдэу щІэблэм егупсысын хуейщ. ЩІэблэ гъэса зиІэрщ япэкІэ кІуэтэфыр. Шэч хэлъкъым сабийм тхылъым гъэсэныгъи щІэныгъи къызэрыхихым. НыбжьыщІэм гъэсэныгъэ тэмэм иІэмэ, езы цІыкІум и щхьэм къэкІынущ лъэпкъым зэрыщыщыр, и бзэр Іурылъын зэрыхуейр. «Адыгэбзэр умыщІэу хъунукъым», жыпІэу утекІиен е хэбгъэзыхьын хуейуэ аракъым. АтІэ, ар уэ езым зыдэбгъэплъеипхъэщ. Адэ-анэм далъагъур ящІэж сабийхэм.

**Арымбэч Айшанур**, *инженерщ, Тыркум щопсэу:*

- Адыгэ хабзэ жыхуэтІэм икъукІэ купщІэшхуэ кІуэцІылъщи, ар къыбгурыІуэнри насыпым щыщщ. Псалъэм папщІэ, адыгэм диІэщ мыпхуэдэ хабзэжь: адэ-анэм е нэхъыжьхэм укъалъагъуу, цІыхум уахэту уи сабий бгъэджэгуныр емыкІуу. Иджы мы хабзэм и лъабжьэм щІэплъагъуэфынум девгъэплъыт: дунейм тетщ цІыху куэд бын ямыІэу, ауэ абы ехъуапсэу, апхуэдэуи щыІэхэщ адэ-анэ зыщхьэщымытыж сабийхэр. АтІэ мы хабзэри гущІэгъум къыхэкІауэ хуэбгъэфащэ хъунущ. Си гугъэмкІэ, хабзэр псэщ зэрыпхуэхъумэнур. Уи гум адыгагъэ имылъмэ, хабзэ-бзыпхъэ бгъэлъэгъуэну иужь уихьэми, къохъулІэнукъым. ЦІыхур хамэ лъэпкъ къыхэхутамэ, нэгъуэщІ хабзэхэр куэдрэ илъагъумэ, хамэбзэр и тхьэкІумэм итмэ, тыншу абыхэм яхэшэпсыхьыжыфынущ. Ауэ сыт ар къэзыхъумэфынур лъэпкъ щхьэхуэм къыхэкІа цІыхуу жыпІэмэ, ар и куцІырщ, и лъым хэту зыхищІэ къарурщ. Ар пхэлъмэ, уи бзэри абы щыхъумащи, къэпщтэжынущ. Япэрауэ, лъэпкъым теухуауэ фІэщхъуныгъэ уи гум илъын хуейщ: уэ езыр узыщыщыр псом нэхърэ зэрынэхъыфІыр хьэкъыу ппхыкІа нэужь, ар къару лъэщ пхуохъу. «Сыт сэ хабзэри бзэри схъумэн щІыхуейр?» - жыбоІэри узоупщІыж. «Ар сысейщи, сегъэдахэри, сегъэлъапІэри, си щхьэр сегъэІэтри!».

**Щоджэн Берсис**, *адвокатщ, Тыркум щопсэу:*

- Анкара щыІэ Адыгэ Хасэм сыкІуауэ, абы «Адыгэбзэ» тхылъ щыслъэгъуати, къэсщэхури, сэрсэру адыгэбзэкІэ тхэкІэ, еджэкІэ зэзгъэщІэжауэ щытащ. Пэжщ, дыщыцІыкІум анэдэлъхубзэщ унагъуэм дызэрыпсэлъар. Ауэ, еджапІэм тыркубзэкІэ дыщагъэпсалъэурэ сІэщІэхуа хъуат. АдыгэбзэкІэ тхауэ сыт къысІэрыхьэми, абыхэм макъкІэ седжэурэ, адыгэ уэрэдхэм седаІуэурэ, сызыхуэзэ адыгэхэм сепсалъэурэ, си адыгэбзэр нэхъыфІ хъужащ. А зэманхэм кавказ къафэхэм щыхуагъасэ гуп къыщызэрагъэпэщат Истамбыл. Абыи сыхыхьащ. Сытми, си анэдэлъхубзэм сыкъихъумащ адыгэу.

Дуней псом щикъухьа лъэпкъым зихъумэжыну гугъущ. Хабзэ-бзыпхъэри бзэри къэкІуэну зэманым хуэбгъэхьэзырын, япэкІэ уплъэн хуейщ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ**.





**Оркъыжъэкъо (Хъот) Амдэхъан кІэлэеджакІохэм ахэт.**

**Мы хъарзынэщ сурэтым арытлъэгъорэ пшъэшъиищыр непэ макІэ къэзышІэжьыщтыр. Ау ахэр адыгэ бзылъфыгъэм игъэсэныгъэ итарихъ хэпчын умылъэкІыщт Іахь.**

# ЛІэшІэгъу зытешІэгъэ уж

ИЛЪЭСИШЪЭКІЭ узэкІэІэбэжьмэ, мы бзылъфыгъэхэм язекІуакІэ адыгэм идунай зэпырагъэзагъ: ябынхэм зашІуагъэбылъи, кІэлэегъэджэ сэнэхьатыр зэрагъэгъотынэу 1925-рэ илъэсым Краснодар кІогъагъэх. А лъэхъаным, гъэсэныгъэр лъэпкъым къыхахьэу зыригъэжьэгъэ къодыем, адыгэ пшъэшъиищым язекІуакІэ гурыІогъуаеу щытыгъ, бэмэ аумысыгъэх.

Ахэр тыгу къэзыгъэкІыжьыгъэхэр сурэтым итхэм язэу Оркъыжъэкъо Айщэт ышым икІалэу Оркъыжъэкъо Схьатбый. Мафэ горэм ар «Адыгэ макъэм» иредакцие къытеуагъ ыкІи «СыпІукІэ сшІоигъу къэбар горэм фэгъэхьыгъэу» къысиІуагъ. Сыхьатныкъо тешІагъэу хъулъфыгъэр къызэкІом, къэбар гъэшІэгъонэу лІэшІэгъукІэ узэкІэІэ-бэжьмэ Адэмые щыхъугъагъэм сыхигъэдэІуагъ. Тигъэзет ащ игугъу къыщытшІыгъэмэ игуапэ зэрэхъущтыгъэр къыІуагъ.

Зигугъу тшІыхэрэр зэунэкъощ пшъэшъищэу Оркъыжъэкъо Амдэхъан, Нешэ Хьаор ыкІи Оркъыжъэкъо Айщэт. Непэ ахэр псаужьхэп, хъугъэшІагъэм ишъыпкъапІэ къакІэрыпхыжьышъущтэп. Ау бзылъфыгъэхэм якъэбар адыгэ литературэм къыхэнагъ. Адыгэ поэзием лъапсэ фэзышІыгъэ Хьаткъо Ахьмэд ахэм ащ дэжьым афэтхагъ ыкІи иусэу «Пшъэшъищ ятхыд» зыфиІорэм хъугъэ-шІагъэр къыщиІотагъ.

«ПэгунитІу рахьыжьэ,
«Псыхьэ» аІошъ ежьэх,
Ахэр зэрахьэфэ зи ІокІэ
къапылъэп,
Къаплъэ щымыІэу чылэм
къыдэкІых.
Хэгъуашъхьэр къаухьэшъ,
Кум зыкъырадзэ...»

1971-рэ илъэсым пшъэшъиищым якъэбар техыгъэу Лъэустэн Юсыф романэу «Пшъашъэмэ янэфылъ» зыфиІорэр къыдегъэкІы. Ау ыпаІокІэ, Хьаткъо Ахьмэд иусэ иІэубытыпІэу пшъэшъиищымэ ялъэуж ефы. А уахътэм елъытыгъэу якъэбар зэрегъашІэ ыкІи ахэм афэгъэхьыгъэ тхыгъэр 1966-рэ илъэсым, шэкІогъум и 6-м гъэзетэу «Социалистическэ Адыгеим» къыщыхеуты. Ащ мырэущтэу къыщеІо:



«Илъэс тІокІитІу тешІагъ ар зыхъугъэм къыуж. Поэтым иусэ пшъэшъиищмэ ялъагъо тытырищагъ, а хъугъэ-шІагъэм къыфытигъэгъэзэжьыгъ, бын гъэшІэгъонхэм нэІуасэ тафишІыгъ. Джы адэмые пшъэшъиищмэ ацІи къетІон, ятхыди къитІотыкІын тлъэкІыщт».

Джы тэри мары илъэс 59-рэ тешІэжьыгъэу пшъэшъиищым ятхыдэ къыфэдгъэзэжьыгъ. А пстэури зихьатырыр ахэр зыфэбэнэгъэхэ, зыфэблэгъэхэ гъэсэныгъэу, тхыбзэу тиІэ хъугъэр ары.

Лъэустэн Юсыф истатья къызэрэщитхыгъэмкІэ, зэІахьыл пшъашъэхэу Оркъыжъэкъохэу Амдэхъанрэ Айщэтрэ Нешэ Хьаор ягъусэу Адэмые гурыт еджапІэр къызэдаухыгъ. Апэрэ пшъэшъэжъыехэу ащ чІэхьэгъагъэхэм ахэр ащыщыгъэх. Еджэн ужым, илъэс 18 аныбжьэу, кІэлэегъэджэ курсхэм кІохэ ашІоигъуагъ, ау яунагъохэм къадырагъэштагъэп. Арыти, езыгъэджэгъэхэ Бахъукъо Шъалихьэ ыдэжь кІохи, ябынхэм амышІэу дэкІынхэу зэрэрахъухьагъэр раІуагъ.

«Адэ шъуамытІупщыщтмэ, зыкъяшъумыгъашІэу шъудэкІ. Сэ къызэрэстырамылъхьаным фэшІ шъуапэ Краснодар сыкІонышъ, сыкъышъупэгъокІыщт», - къариІуагъ. Джар ядэкІыкІэу пшъашъэхэр еджакІо кІуагъэх. Бахъукъо Шъалихьэ ыІуагъэм емыпцІыжьэу Краснодар къащыпэгъокІыгъ. Ащ игъусагъэх кІэлэегъэджэ курсым ащ дэжьым иІэшъхьэтетыгъэу Хьаткъо Ахьмэдрэ кІэлэегъэджагъэу Іэшъхьэмафэ Даутэрэ. Ащ дэжьым пшъашъэмэ якъэкІуакІэ хъугъэр къызешІэ ужыр ары Хьаткъо Ахьмэд зафэусэгъагъэр. Еджэныр къызаухым пшъашъэхэм къарыкІуагъэри Лъэустэн Юсыф итхыгъэ къыщеІо. Тэри непэ ахэм такІэупчІэжьыгъ. Лъфыгъэу къатекІыгъэхэм гущыІэгъу тафэхъугъ.

Оркъыжъэкъо Амдэхъан Краснодар кІэлэегъэджэ курсхэр къызщеухыхэм, ибэхэр зыщапІурэ еджапІэу Гъобэкъуае дэтыгъэм Іоф щишІэнэу агъэкІогъагъ. Кощхьэблэ Хьотхэм янысэ зэхъум, ІофшІэныр ащ щылъигъэкІотагъ. Зигъэпсэфынэу мэтІысыжьыфэ кІэлэцІыкІухэм гъэсэныгъэ аригъэгъотыгъ.

- Ары сэ сызыпІугъэр. Нэнэ дышъэу щытыгъ. ЕджакІо зэрэкІуагъэм фэгъэхьыгъэу зи къытфиІотэжьыщтыгъэп, ау кІэлэегъэджэ шъыпкъагъ. Ипхъэшагъи ишъэбагъи зэголъыгъ. Нахьыжъэу чылэм дэсхэм янахьыбэр ащ ригъэджагъ. Непи ар къысаІо, - къыддэгощагъ Оркъыжъэкъо (Хъут) Амдэхъан икъорэлъфэу Хъот Казбек.

- Нэнэжъ сыдигъуи гъэсэныгъэр шІоІофыгъ. Ар ыпэ ригъэшъэу, мэхьанэшхо ритэу щытыгъ. Къиныгъэми, исабыйхэм зэкІэми сэнэхьат дэгъухэр аригъэгъотыгъ. Совет хабзэм ицІыфэу щытыгъ нахь мышІэми, тхьэшІошъхъуныгъэшхо хэлъыгъ, нэмаз ышІыщтыгъ. Шэн пытэ иІэу, бэщэчэу щытыгъ. Ащ фэмыдагъэмэ, пэкІэкІыгъэ заулэм апхырыкІышъущтыгъэп. Зэфэныгъэр инэшэнэ шъхьаІэщтыгъ. Сянэжъи сэнэхьатым фыриІэгъэ шІулъэгъумкІэ къыддэгощэгъэн фае. Сяни, сэри тыкІэлэегъадж, - еІо Оркъыжъэкъо Айщэт ипхъорэлъфэу Кушъу Сюзаннэ.

КъызэрэчІэкІыгъэмкІэ, тхыдэ зыфызэхалъхьэгъэ пшъэшъиищыр чыжьэплъагъэх, язекІуакІэкІи бэмэ гъогур къафызэІуахыгъ. Ахэм ауж адыгэ пшъэшъабэ кІэлэегъэджэ сэнэхьатым къыфэкІуагъ. Ары пакІошъ, бзылъфыгъэмкІэ ащ нахь Іоф дэгъу, къабзэ щымыІэу джы къызнэсыгъэми адыгэ унагъохэм ащалъытэ. Непэ республикэр пштэмэ, къэралыгъо ІофшІапІэхэм ащылажьэрэм ызыщанэр кІэлэегъадж. Ахэм япроцентышІур бзылъфыгъэх.

**АНЦОКЪО Ирин.**
*Сурэтхэр: **унагъохэм яхъарзынэщхэр**.*

# Адыгэ бзэшІэныгъэр ыгъэбэгъуагъ

**Филологие шІэныгъэхэмкІэ докторэу, Адыгэ къэралыгъо университетым ипрофессорэу Шъаукъо Аскэр Абубэчыр ыкъор шІэныгъэ-егъэджэн ІофшІэгъэшхо зыпшъэ ифэгъэ, зыфызэшІокІыгъэ цІыф.**

НЭБГЫРЭ пэпчъ мы дунаим щыхихыгъэ лъагъом икІыхьагъэр, илъэс пчъагъэу къыгъэшІагъэр арэп, ащ ишІушІэгъэ шапхъэр дунаим щилэжьыгъэр ары.

Илъэс пшІыкІубл хъугъэ къызытхэмытыжьыр зэлъашІэрэ шІэныгъэлэжьэу, филологие шІэныгъэхэмкІэ докторэу, профессорэу, Адыгэ Республикэм шІэныгъэхэмкІэ иІофшІэкІошхуагъэу Шъаукъо Аскэр.

Аскэр адыгэ бзэшІэныгъэм лъэуж нэф, лъэуж дахэ къыхинагъ. УшІэныгъэлэжь зыхъукІэ, Іофыгъоу нахь узфэщагъэр, ушэтынымкІэ нахь гъэхъагъэ зыщыпшІын плъэкІыщтыр къыхэпхышъуным мэхьанэшхо иІ, сыда пІомэ шІуагъэ къызэрэпхьын, умакъэ зэрэбгъэІун плъэкІыщтыр нахь хэшІыкІ зыфыуиІэр, нахь узфэІазэр ары. АщкІэ Аскэр анахь ІофшІэнышхоу зэшІуихыгъэмэ ащыщ адыгэ ыкІи къэбэртэе лексикографием теорие лъапсэ зэрафишІыгъэр. Ащ дакІоу адыгэ лексикографием, фразеологием, морфологием, терминологием, орфографием, литературабзэм, стилистикэм яІофыгъохэм язэхэфын иІахьышІу хишІыхьагъ. ТерминыкІэхэр игъэкІотыгъэу ыгъэфедагъэх, уахътэм диштэу еплъыкІэхэр бзэшІэныгъэм хилъхьагъ. ЩыІэныгъэм къыгъэуцурэ упчІэхэм игъом ынаІэ атыридзэу, ахэр зэригъапшэхэу, тэрэзыр къахихынымкІэ гъогухэр къыгъотхэзэ, адыгабзэм иупчІэ зэфэшъхьафхэм япхыгъэ зэфэхьысыжь гъэнэфагъэхэр ышІыгъэх. Дунэе бзэшІэныгъэм, адыгэ лингвистикэм яаужырэ гъэхъагъэхэм адиштэу сыдигъуи гупшысэн ылъэкІыгъ.

Адыгабзэм илъэныкъо зэфэшъхьафхэм хэхъоныгъэ аригъэшІэу Іоф зэришІэщтыгъэм дакІоу, студентэу ригъаджэхэрэм бзэм ишъэфхэр ягъэшІэгъэнымкІэ амалыбэ Шъаукъо Аскэр зэрихьэщтыгъ.

Сэри Шъаукъо Аскэр сыригъэджэнэу синасып къыхьыгъ, Адыгэ къэралыгъо кІэлэегъэджэ институтым сызычІахьэм, ныдэлъфыбзэр шІу сэзыгъэлъэгъугъэу, бзэшІэныгъэм сыдэлэжьэнэу сыгу къыфэзыгъэущыгъэмэ ар ащыщ ыкІи ушэтакІохэм ягъогу сытезыщагъэри ары. Бзэм фэгъэхьыгъэу шІэныгъэлэжьым къытфиІуатэщтыгъэхэм хэшІыкІышхо зэрафыриІагъэр къыхэщэу, зышъхьамысыжьэу, нэбгырэ пэпчъ зэхишІэу, къедэІухэрэм ежь игупшысэ алъигъэІэсыным ишІыкІэхэр дэгъоу къызфигъэфедэхэзэ, шІэныгъэм еджакІор къыфигъэущыщтыгъ. Лъэпкъым фэлэжьэщт ныбжьыкІэхэм япІун, ялэжьын, лъэгъо тэрэз тегъэуцогъэнхэм Шъаукъо Аскэр иІахьышІу хилъхьагъ.

Ар егъэджэн Іофым дакІоу нэбгырэ пэпчъ зыгъэгумэкІырэ ІофыгъохэмкІэ ІэпыІэгъу афэхъуным фэхьазырыгъ. НыбжьыкІэхэм наукэр шІу ягъэлъэгъугъэным, яеджэн лъагъэкІотэным охътаби, кІочІаби ащ атыригъэкІуадэщтыгъ. Аскэр бзэм сыдэлэжьэным иамал инхэр сэри къысІэкІигъэхьанхэ ылъэкІыгъ. ШІэныгъэлэжьым ихьатыркІэ синаучнэ ушэтын лъызгъэкІотэнэу хъугъэ, къызэрэздэлэжьагъэм ишІуагъэкІэ егъэжьэгъэ Іофыр сыухыгъэ, Шъаукъо Аскэр зэрэсипэщэгъэ кандидат диссертациер уасэ къыфашІэу къэсыушыхьатыжьыгъ. АщкІэ сикІэлэегъаджэ лъэшэу сыфэрэзагъ, «тхьауегъэпсэушхо» есІоу, рэзэныгъэшхо фысиІэу ренэу къэсхьыгъ.

ШІэныгъэлэжьым пэщэныгъэ адызэрихьэзэ аспирантурэр бэмэ къаухыгъ, доктор ыкІи кандидат диссертацие пчъагъэмэ япхырыгъэкІын оппонентэу ахэлэжьагъ, научнэ ІофшІэгъабэмэ яфэшъошэ уасэ афишІызэ, рецензиехэр, отзывхэр ытхыщтыгъ.

«Адыгэ диалектологиер» зыфиІорэ курсыр Адыгэ къэралыгъо университетым адыгэ филологиемрэ культурэмрэ яфакультет щызэрагъашІэ. Ащ мурад шъхьаІэу иІэр кІэлэегъаджэ хъущт студентхэр шІэныгъэхэмкІэ уІэшыгъэнхэр, адыгэ литературабзэм ишапхъэхэр щыкІэгъэнчъэу къызІэкІагъэхьанхэм ыкІи бзэм ипкъыгъохэр къызэхафын алъэкІыным фэгъэсэгъэнхэр ары.

Мы ІэпыІэгъур апшъэрэ еджапІэм имызакъоу, гурыт еджапІэхэм, Адыгэ кІэлэегъэджэ колледжым ащезыгъаджэхэрэми агъэфедэн алъэкІыщт. ІофшІагъэр 2015-рэ илъэсым къыдэкІыгъ.

Шъаукъо Аскэр шІэныгъэлэжь шъыпкъагъ, шІэхэу тхэкІыжьыгъ, ау бэ фызэшІокІыгъэр, фэукІочІыгъэр. ШІоу ышІагъэр цІыфмэ агу лъынэу, агъэлъэпІэнэу, ригъэджагъэхэм, кІырыплъыгъэхэм адыгэ наукэр ыпэкІэ лъагъэкІотэнэу тэгугъэ. Ежьыр къытхэмытыжьми, иІофшІагъэхэр джыри къытхэтых, тэгъэфедэх, тигъусэх, тиныбжьыкІэхэр арэгъуазэх.

**БГЪОШЭ Зарет.**
*Адыгэ филологиемрэ культурэмрэ яфакультет икІэлэегъадж, филологие шІэныгъэхэмкІэ кандидат, доцент.*

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, гъатхэпэм и 17

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30** Информационный канал (16+)
**13.30** «АнтиФейк» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «ТРИГГЕР». НОВЫЕ СЕРИИ» (16+)
**23.00** «Большая игра» (16+)
**00.00** «Время героев» (16+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00, 18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ПОТЕРЯННЫЙ КЛЮЧ» (16+)
**23.30** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.10** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)
**03.30** Т/с «КУЛАГИНЫ» (16+)

### НТВ

**04.50, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «ХОЗЯИН» (16+)
**22.10, 00.00** Т/с «ПЯТЬ МИНУТ ТИШИНЫ. МОРЕ И ГОРЫ»
**00.45** Т/с «ЧУЖОЙ РАЙОН» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.20** Х/ф «ТИХАЯ ЗАСТАВА» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00** Х/ф «БЕРЕГИТЕ ЖЕНЩИН» (16+)
**12.35, 13.25, 15.05** Т/с «АНДРЕЕВСКИЙ ФЛАГ» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.20, 17.15** Т/с «АНДРЕЕВСКИЙ ФЛАГ» (16+)
**18.00** Д/с «Крымский форпост»
**18.50** «Специальный репортаж»
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «РОЖДЕННАЯ РЕВОЛЮЦИЕЙ» (16+)
**00.30** Т/с «РОЖДЕННАЯ РЕВОЛЮЦИЕЙ» (16+)
**01.50** Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
**02.20** Х/ф «БЕРЕГИТЕ ЖЕНЩИН»
**03.30** Т/с «АНДРЕЕВСКИЙ ФЛАГ»

### РОССИЯ К

**06.30** «Пешком...»
**07.00** Черные дыры. Белые пятна
**07.40** Д/ф «Боголюбская. Спасти и сохранить»
**08.25** Т/с «ОЛЬГА СЕРГЕЕВНА»
**09.30** Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 00.00** Новости культуры
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.45** XX век
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Театрым дыщызопсалъэ». Кулиевэ Элизат (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, гъатхэпэм и 18**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «IэщIагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу. «ТекIуэныгъэм и сэлэтхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. «ЩакIуэхэр» Iуэтэжыр (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** Ехъутэныдж Хьэсэн. «Зэманым и лъэужьхэр» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ХъыбарIуатэм и пхъуантэ цIыкIу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «ЕхъулIэныгъэм и хэкIыпIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** Думэн Мурадин. «МакъамэкIэ зыр адрейм фыхуэупсэ» (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, гъатхэпэм и 19**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** «Макъамэмрэ гъащIэмрэ» циклым щыщщ. Къэшыргъэ Билал (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «ЗыгурыIуэгъуей зэчий». Байзулла Алий (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэм щыщщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Балъкъэр щIыналъэм и фIэщыгъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Адыгэ псалъэм хэлъ Iущыгъэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Микрофоныр - сабийхэм» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу. «Зауэ гъуэгуанэхэмкIэ» (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Адыгэ лъэпкъым къыхэкIам и шыфэлIыфэр» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, гъатхэпэм и 20**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жьыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Усыгъэм хуэгъэпса гъащIэ». Ольмезов Мурадин (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «ЩIыуэпсым теухуа теплъэгъуэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Псэкупсэ джэлэс» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** МафIэдз Сэрэбий. «Адыгэхэм гъатхэм епха я дауэдапщэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Адыгэ IуэрыIуатэр» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «XX лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Усыгъэм и дакъикъэхэр (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 18.55** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу. «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ» радиопроектыр (урысыбзэкIэ)
**18.55 - 19.00** «Псым и къару – гъащIэм и къару». Псыхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, гъатхэпэм и 21**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Сабантой». Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 9.00** «ЩIым и махуэр зэрагъэлъапIэу щытар» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу. «Дэ апхуэдэущ дызэрызэуари дызэрыпсэуари» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «Псыр псэхэлъхьэжщ». Псыхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Ууаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** Радиом и дыщэ фондым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Дызэгъусэу дыкъоджэ» (адыгэбзэкIэ)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 22**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 23**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** МафIэдз Сэрэбий. «Мыщэ лъэбжьанэ» тхылъыр. КIэлъыкIуэр (адыгэбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** Боташев Исса. «Абрэдж» радиоинсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, гъатхэпэм и 17**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ирихьэлIэу. «Тщымыгъупщэн папщIэ». Iуащхьэмахуэ хуит къызэращIыжар (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ирихьэлIэу. «Курп лъагапIэхэр» (12+)
**17.25** «Уэсят». Гамзатов Расул и фэеплъу (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, гъатхэпэм и 18**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Литературэ зэIущIэхэр». Мечиев Кязим. Тырныауз къалэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЛIакъуэ». Алътуд къуажэ. ЕтIуанэ фильм (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, гъатхэпэм и 19**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр» (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Сабий ныкъуэдыкъуэхэм яхуэгъэза псапащIэ Iуэху (6+)
**17.15** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Композитор Мамий Аслъэн (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, гъатхэпэм и 20**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Си гъащIэм и гуфIэгъуэ». Дунейпсо зэпеуэм щытекIуа Бей Аслъэн (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Узыншэу фыщыт». Дохутыр Аппаев Шамил (12+)
**17.30** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». Дыгулыбгъуей къуажэм и тхыдэр (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, гъатхэпэм и 21**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «IэщIагъэлIхэр». Филолог Хьэвжокъуэ Людмилэ (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Чигировэ Шамкъыз (12+)
**17.30** УФ-м щIыхь зиIэ и артист Царикати Феликс (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 22**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 23**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, гъатхэпэм и 17**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, гъатхэпэм и 18**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, гъатхэпэм и 19**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, гъатхэпэм и 20**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Мэрем, гъатхэпэм и 21**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 22**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 23**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

# КъБР-м и РАДИО

**Блыщхьэ, гъатхэпэм и 17**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**6.45** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - **24.00** «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, гъатхэпэм и 18**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъинэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Лъэпкъ Iущыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ)(16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, гъатхэпэм и 19**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, гъатхэпэм и 20**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Ди гъэтIылъыгъэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «ПщIэну щхьэпэщ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30** - **24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, гъатхэпэм и 21**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ)(12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, гъатхэпэм и 22**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00** - **7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, гъатхэпэм и 23**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Шаудан» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30** - **24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Лъэпкъыр къэзыхъумэнур

**Бзэм и мыхьэнэр кууу къегъэлъагъуэ абы «анэдэлъхубзэ» зэрыфІащам. Анэм нэхърэ нэхъ лъапІэ щыщымыІэкІэ, бзэр анэ дэлъхуу Тхьэм къыщыдитакІэ, лъэпкъым и дэтхэнэ цІыхуми абы пщІэшхуэ хуищІу, лъагъуныгъэ мыкІуэщІ хуиІэу щытын хуейщ.**

Ди бзэм делъэпауэмэ, абы дыхуэмысакъмэ, зэдмыпэсыжмэ, сытым дрищІысыж. Псынэр пкудэжмэ, нэгъуэщІ щІыпІэ къызэрыщиудыжым, жыг ираупщІыкІам и лъабжьэр къызэрыдэжыжым хуэдэу, ди адыгэбзэри зауэ мафІэм къелащ, лъэхъэнэ баджэхэри къызэринэкІащ.

Адыгэбзэм и пщэдейр зэлъытар ди щІэблэращ. Нэхъыщхьэ дыдэу къызолъытэ ди щІэблэр хэкупсэу, адэжь щІыналъэр ягъэбжьыфІэу, я бзэр ягъэшэрыуэу дгъэсэныр. Дэ къыдгуроІуэ ар зэрымытыншыр, ауэ хабзэри бзэри нэгъэсауэ тщІэмэщ сабийр щытхуэгъэсэнур, абы лъэпкъым и беягъымрэ бзэм и къулеягъымрэ щыбгъэдэтлъхьэфынур. Анэдэлъхубзэр лъэпкъ щэнхабзэм и Іэмэпсымэ нэхъыщхьэщ. Абы къыхэкІыу, бзэм дрипсалъэ къудейуэ щымыту, ди лъэпкъым къыдекІуэкІ хабзэ дахэхэри абыкІэ къэтІуэтэфу щытыпхъэщ.

Нобэ дэ, адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэхэм, жэуаплыныгъэ къызэрымыкІуэ ди пщэм дэлъщ. Илъэс къэскІи ар гъэзэщІэныр нэхъ гугъу, нэхъ хьэлъэ хъуурэ йокІуэкІ. Дызэрыт зэманым ди пащхьэ кърелъхьэ гупсысэ зэхуэмыдэхэр, дызыгъэпІейтей Іуэхугъуэ щхьэхуэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, зи бзэр ІэщІыб зыщІыну хуейхэм я бжыгъэхэми хохъуэ. Я быным анэдэлъхубзэр ирагъэджыну хуэмейуэ еджапІэхэм лъэІу тхылъ къыщІэзылъхьэ адэ-анэхэр илъэс къэскІи нэхъыбэ мэхъу. Сытым къыхэкІыу пІэрэ ар? Сэ сызэрегупсысымкІэ, унагъуэм щІэсхэр къыщекІуэлІэжкІэ, щхьэж и Іуэху пэроувэ, иужькІэ телефоным «йотІысхьэри», нэрыбгитІ зэмыпсэлъэж-зэрымылъагъуж жыхуаІэм хуэдэу, я пшыхьыр макІуэ. НэхъыкІэжыр аращи, илъэс иримыкъуа сабийм зиущэхун, зэран мыхъун папщІэ, телефоныр и пащхьэ ирагъэувэри трагъэу. АбыкІэ зэхихыр урысыбзэщ, хамэбзэщ (узыншагъэмкІэ зэрызэраным и гугъу тщІыххэнкъым). Дэнэ атІэ абы адыгэбзэр щызэхихынур? И адэ-анэр къемыпсалъэмэ, унагъуэм бзэр щыземыкІуэмэ, сабийм адыгэбзэр дауэ зэригъэщІэну, дэнэ кърихыну абы хуиІэн хуей лъагъуныгъэр?

Жэуаплыныгъэшхуэ ябгъэдэлъу солъытэ нэхъыжьхэм - адэшхуэ-анэшхуэхэм. Дэнэ щыІэу пІэрэ



сабийхэм таурыхъ яжезыІэу щыта нанэ-дадэхэр? Хъыбар зэхуэмыдэхэр хуаІуатэу, нэмысым, хабзэм, абы и щапхъэм щІапІыкІыу, пшыхь къэсыхукІэ цІыкІухэр кърагъэтІысэкІыурэ таурыхъ жызыІэу щыта нанэхэр? Сабийхэр нанэ-дадэхэм зраубыдылІэу, адыгэбзэкІэ епсалъэу, тхылъ къахуеджэу зыбгъэдагъэсмэ, ди сабийхэр я адыгэбзэм ешэлІэжа зэрыхъунур си фІэщ мэхъу.

Бзэр хъумэныр егъэджакІуэхэмкІэ зэфІэкІынукъым. Унагъуэхэри, щІэныгъэлІхэри, егъэджакІуэхэри, сабий ІыгъыпІэхэм щылажьэхэри - псори зэгъусэу телэжьыхьын хуейщ абы. Псом хуэмыдэу нэхъыщхьэу къызолъытэ сабий ІыгъыпІэхэм адыгэбзэм зэман нэхъыбэ щыхухахыныр, гъэсэныгъэм, нэмысым, Іэдэбым, щэным нэхъ тегъэщІауэ абыхэм щадэлэжьэныр. Сыту жыпІэмэ, сабийхэм нэхъ цІыкІу щІыкІэ «лъабжьэ» ягъуэтмэ, иужькІэ езыгъэджэнухэм абы зрагъэужьыфынущ.

АдыгэбзэмкІэ егъэджакІуэхэм ди гукъеуэр мащІэкъым. ЕджапІэм сыхьэт бжыгъэу адыгэбзэм хухихар апхуэдизкІэ мащІэщи, нэгъэсауэ зы тхыгъэ пхуэджыркъым, дерсхэр тэрэзу пхуэткъым. Тхьэмахуэм и кІуэцІым бзэм сыхьэтитІ, литературэм зы сыхьэт хуэзэу аращи, абы къриубыдэу тхакІуэм и гъащІэмрэ и гуащІэмрэ нэІуасэ хуэпщІыфыну? Тхыгъэр бджыфыну? Гъэсэныгъэм и нэщэнэхэм, и щапхъэхэм ящыщу сыт хуэдиз яжепІэфынур? Ди дерсхэм хухэха сыхьэт бжыгъэхэр нэхъыбэу щытамэ, адыгэбзэм ехьэлІауэ мыпхуэдиз гукъеуэ щыІэнутэкъым.

Жагъуэ зэрыхъущи, цІыхухэми лъэпощхьэпо хуагъэув анэдэлъхубзэм. Псалъэм и хьэтыркІэ, республикэм адыгэбзэмкІэ къыщыдэкІ «Черкес хэку» газет закъуэм и щІэдзыгъуэ хъумэ, унагъуэ куэдым щІадзкъым. АтІэ, а газет закъуэр нэхъ мыхъуми унагъуэм къихьэу щытамэ, абы къытехуэ хъыбархэр зэдаджмэ, зэдеплъмэ, ари гъэсэныгъэмрэ бзэмкІэ щхьэпэнут.

Нобэ сыт тлъагъур - адыгэ унагъуэм щызэхэпхыр урысыбзэщ, адыгэ къуажэ уэрамхэм щызекІуэри аращ... Ди адыгэбзэр нэхъ бзэ куухэм, шэрыуэхэм, нэхъ дахэхэм ящыщу солъытэри, диІэкъым дэ хуитыныгъэ ар дымыхъумэну.

Дахэщ ди бзэр, купщІафІэщ, пшынэбзэ шэщІауэ мэбзэрабзэ, а зэщІэпщІыпщІэм уи гум ІэпапІэ зэмыфэгъухэр нурым хуэдэу къытрены, уи псэр ехьэху... Ауэ а дахагъэр тфІэмыкІуэду пщэдейрей махуэм нэтхьэсыфын папщІэ, адыгэбзэр фІыуэ тщІэн хуейщ. ЩІэблэм яхэтлъхьапхъэщ ди адыгэ щэн дахэхэр, ди тхакІуэ-усакІуэхэм я тхыгъэхэр, хъыбархэр, псысэхэр ящІапхъэщ. Ахэр пэІэщІэ щІын хуейщ телефонхэм. АдыгэбзэмкІэ тхылъхэр абыхэм я пащхьэ къихьэжмэ, еджэн щІадзэмэ, итІанэщ щІэблэ узыншэ, гъэса щыдиІэнури ди бзэр щытхуэхъумэнури.

**ЛИЙ Майе**.

# Адышэсым и «бжыгъэрыгъажэр»

**Адыгэу зызыбжыж дэтхэнэми лъэпкъым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ гуэр хуищІыну хущІэкъутэмэ, зи бзэ зыІэщІэхуж лъэпкъ мащІэхэм дыхабжэну къыщІэкІынтэкъым. Апхуэдэ гупсысэхэм сыхуишащ, зи гугъу фхуэсщІыну лъэпкъыпсэ щІалэм сепсэлъа иужь.**

ГАЗЕТЫМ и щІэджыкІакІуэхэм я нэІуасэщ Адышэс Азэмэт. Абы Хьэбэз курыт еджапІэм биологиемкІэ щрегъаджэ, апхуэдэуи ар лъэныкъуэ куэдкІэ узэщІыныгъэрэ гупсысэ гъэтІысарэ зыбгъэдэлъ лъэпкъыпсэщ. Мы щІалэр гъущІым, фэм, пхъэм хуабжьу хуэІэкІуэлъакІуэщ, сабийхэри абыхэм хуегъасэ. ЩІалэ цІыкІухэм ядолажьэ авиамоделированиемкІэ, робототехникэмкІэ. Иджыри куэду къеббжэкІыфынущ хьэбэздэс щІалэм илэжь ІуэхущІафэхэр.

Нобэ щхьэхуэу дытепсэлъыхьынущ Азэмэт и иужьрей и ІэрыкІхэм ящыщым. Ар адыгэ лъэпкъым и бзэр хъумэным, шэрыуэу гъэлэжьэным хуэунэтІа, «Бжыгъэрыгъажэ» зыфІища Іэмэпсымэ гъэщІэгъуэныщэращ.

- ЕджапІэ программэм адыгэбзэм хухаха сыхьэт бжыгъэр хагъахъуэ закъуэкІэ, бзэр тхуэхъумэнукъым, ар си фІэщ мэхъу. Мы Іуэхур хадэм деж Іэмэпсымэр къызэрыщыбгъэсэбэпым еплъыт хъунущ. Абы уримылажьэмэ, Іуэхур кІуэтэнукъым. Ди бзэри ещхьщ апхуэдэ Іэмэпсымэм, ар дгъэлэжьэн, тІурылъын, къэдгъэсэбэпын хуейщ, зыужьыныгъэ игъуэтыным, зихъумэжыным папщІэ. А лъэныкъуэмкІэ хуабжьу си щхьэр етауэ, абы си гупсысэр хэпщІауэ къыздокІуэкІ. Си щхьэкІэ, сыщыпсалъэкІэ, бжыгъэхэр урысыбзэкІэ зэрыжысІэм гу лъыстэжырт, ауэ адыгэбзэм сыхуэкІуэфтэкъым бжыгъэхэр щІэх-щІэхыу къызэрызмыгъэсэбэпым къыхэкІыу. Апхуэдэт махуэхэм, мазэхэм я фІэщыгъэцІэхэри. Ахэр адыгэбзэкІэ жысІэртэкъыми, сІэщІэхужырт, - ирешажьэ и псалъэр Адышэсым.



Апхуэдэу, гупсысэхэм кърахуэкІыурэ, Азэмэт и ІэпщІэлъапщІагъри, и гуращэри зы ищІащ. ЗыхуэкІуар сытыт - уи Іэм тыншу ІэщІэлъу, къепхьэкІынкІэ псынщІэу, бжыгъэхэмрэ абыхэм я фІэщыгъэцІэхэмрэ зыуэ зытеплъагъуэ Іэмэпсымэ къэгупсысынрат. И гупсысэхэр къызэригъэлъэгъуэну Іэмалым Азэмэт хуэкІуащ.

Ахэр япэщІыкІэ тхылъымпІэм тритхащ, мызэ-мытІэу хэплъэжащ, зэрихъуэкІыжащ, тритхыкІыжащ. Бжыгъэхэмрэ абыхэм я жыІэкІэхэмрэ зэгъэуІуауэ, сабийм джэгукІэ Іэмалу бгъэдэплъхьэфыным хуэунэтІат зыпэрыува лэжьыгъэр.

Мазэ дэкІри, къигъэщІащ «бжыгъэрыгъажэ» зыфІища Іэмэпсымэ къызэрымыкІуэр. НобэкІэ абы ебгъэщхь, еплъыт хъуни щыІэкъым. Ди пащхьэ илъ, пхъэ пІащІэм къыхэщІыкІа зэпэплІимэ Іэмэпсымэ дахэ цІыкІум и мыхьэнэмрэ и гъэпсыкІэмрэ къытхутепсэлъыхьащ Адышэсыр:

- Бзэм елэжьхэм щыуагъэ хагъуэтэнуми сщІэркъым, ауэ мыбы и мыхьэнэ нэхъыщхьэр мыращ: япэрей сатырыр - минхэр, етІуанэр - щэ бжыгъэхэр, ещанэр - пщІы, еплІанэр - зым къыщыщІэдзауэ пщІым нэсщ. Куэбжэм ирагъэлъадэ пхъэрыгъажэм ещхьу, ахэр зэщхьэщокІ, «щхьэгъубжэ» цІыкІум бжыгъэр къищу, адреймкІэ абы укъызэреджэнур тету. А пхъэрыгъажэм и щІыкІэм зэрещхьыр, бжыгъэхэм ар зэрепхар къыхэслъытэри, «бжыгъэрыгъажэ» фІэсщащ.

АдыгэбзэкІэ тхьэмахуэм и махуэцІэхэр, мазэхэр къыщыгъэлъэгъуащ Іэмэпсымэм: щІышылэ, мазае... апхуэдэурэ макІуэри, езыхэр зэрызэкІэлъыкІуэм нэмыщІу, плъыфэхэмкІэ сабийхэм къазэрыгурыІуэнум хуэдэуи гъэпсащ. Псалъэм папщІэ, гъэмахуэ мазэхэр удзыфэу къэхьащ, бжьыхьэр гъуэжьыфэщ ... ЖыпІэнурамэ, мазэхэм я фІэщыгъэцІэхэр плъыфэхэмкІи сабийм игу ириубыдэфынущ.

МыдэкІэ пхъэ «къэзыжыхьхэм» тет бжыгъэхэмрэ я жыІэкІэхэмрэ сабийм сатыр къэс зэтригъэкІуэтурэ, иригъэжэкІыурэ бжыгъэхэр зэпигъэувэфынущ. ДжэгукІэ зэхуэмыдэхэри къыхуэбгупсысыфынущ, икІи сабийр абы дебгъэхьэхыурэ къабзэу бжэфу зригъэсэфынущ, ипэкІэ зи гугъу тщІа фІэщыгъэцІэхэри тыншу игу ириубыдэфынущ, - къыпещэ ди псэлъэгъум.

ДызэреплъымкІэ, бжыгъэрыгъажэм иджыри лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ зиукъуэдиифынущ икІи зиубгъуфынущ. Азэмэт и гугъу къытхуещІ абы къыхигъэхьэфыну Іэмалхэми. ЩІалэм къигупсыса Іэмэпсымэр ящхьэпэнущ сабийхэми балигъхэми - унагъуэ къэс илъми, егъэджакІуэм дерсхэм къыщигъэсэбэпми, зэрыджэгу хьэпшып хуэдэу сабий гъэсапІэхэм щаІыгъми.

«Бжыгъэрыгъажэр» цІыхухэм ябгъэдилъхьэным ипэкІэ, Азэмэт иджыри Іуэхугъуэ куэд къыпэщылъщ. Ар епхащ юридическэ лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэм - Іэмэпсымэр езым зэриІэрыкІымкІэ, апхуэдэ зыми зэримыщІамкІэ патентыр къыдэхыныр. Ауэ догугъэ, Азэмэт зи ужь ихьа лэжьыгъэр кІыхьлІыхь мыхъуу зэлъэщІигъэхьэу, щІэблэм щхьэпэну мы Іэмэпсымэр икІэщІыпІэкІэ къытІэрыхьэну.

Адышэсым и гугъапІэщ республикэми, гъунэгъу хэгъуэгухэми, адыгэ зыщыпсэу щІыналъэхэми бжыгъэрыгъажэр ялъигъэІэсыну, лъэпкъым абыкІэ сэбэп хуэхъуну щІохъуэпс. КъинэмыщІауэ, бжыгъэрыгъажэр хуэунэтІащ ди лъэпкъым хуэдэу бзэр хъумэным тегузэвыхь лъэпкъхэми - я бзэкІэ зэрахъуэкІыжмэ, ар абыхэми къагъэсэбэпыфынущ.

- Зи бзэр зыхъумэжыну хуей лъэпкъымкІэ, сыт хуэдэ Іэмалри сэбэпщ. «Бжыгъэрыгъажэри» апхуэдэ зы Іэмалщ, зы Іэмэпсымэщ, - жеІэ Адышэсым.

Ди гуапэщ Азэмэт хуэдэ лъэпкъыпсэхэр къызэрытхэтыр. Лъэпкъ Іуэхур ипэкІэ зэрыдгъэкІуэтэнум дыхущІэкъунымкІэ ар щапхъэ ирокъу!

**АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ**.

# Зи Іуэхур зыгъэкІуатэ

**Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и доцент Къантемыр Баблуцэ адыгэбзэр ди хэгъэгум хъума щыхъуным мащІэкъым хэлъхьэныгъэу хуищІыр. Ар мы кафедрэм илъэс 29-рэ хъуауэ щолажьэ.**

ХЭТКІИ щэхукъым илъэс куэдкІэ ди еджапІэхэм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ тхылъхэр яхуримыкъуу зэрыщытар, абы егъэджакІуэхэр гугъу зэрыригъэхьар.

- ЩытыкІэ гугъум дыкъызэрикІын Іэмал дылъыхъуэурэ, КъШР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ, унафэ къащтауэ щытащ тхылъхэр ди республикэм къыщыдэдгъэкІын хуейуэ. Хуитыныгъэ щыдгъуэтым, тхылъхэр зэхэдгъэувэным и ужь дихьащ. А Іуэхум хэзыщІыкІ гуп зэхэтшэри, къалэнхэри дгъэбелджылащ. А гупым хыхьащ бзэр хъумэным теухуауэ гудзакъэ зиІэ егъэджакІуэхэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ. Хьэрфылъэм къыщыщІэддзэри е 4-нэ классым нэс зэхэдгъэуващ. ИужькІэ класс нэхъыжьхэм папщІи тхылъхэр къыдэдгъэкІащ, - жеІэ Баблуцэ.

ЕгъэджэныгъэмкІэ щыІэ къэрал мардэхэми зэман-зэманкІэрэ захъуэж, щІэ куэд къыхохьэ. ЕджапІэхэм зэрыщеджэ тхылъхэр зыуэ щыт федеральнэ мардэм хэтын хуейщ. Абы хэмыхуамкІэ ебгъэджэныр хабзэм идэркъым. ЕгъэджакІуэхэм я щІэныгъэм здыхагъахъуэ институтым къыдигъэкІхэми пособие мыхьэнэщ яІэр. Арами, ахэр еджапІэхэм сэбэпышхуэ яхуохъу. ИджыкІэ нэхъыщхьэр ахэр федеральнэ программэм хэгъэхьэнрати, кафедрэм и лэжьакІуэхэр тхылъ къыдагъэкІахэм елэжьыжри, хабзэм къигъэув жыпхъэм ирагъэзэгъащ. Тхылъхэм электроннэ лІэужьыгъуэри щІагъуам и мызакъуэу, методикэ чэнджэщхэри, еджакІуэм и щІэныгъэр къызэрипщытэну лэжьыгъэри зэгъэуІуауэ ящІащ.

2019 гъэм УФ-м ЕгъэджэныгъэмкІэ и министерствэм къызэригъэпэщащ лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэмкІэ федеральнэ институт. Абы и къэрал къалэнхэм гъэ кІуам, нэгъуэщІ



бзэхэм къадэкІуэу, хагъэхьащ адыгэбзэмкІи тхылъ къыдагъэкІыну. Баблуцэ зи пашэ гупым пэщІэдзэ классхэр зэреджэну ягъэхьэзыра тхылъхэр абыхэм ящыщщ.

- Нобэ 1 - 4-нэ классхэм я пащхьэ итлъхьэфынущ зэреджэн тхылъхэр. 5 - 9-нэ классхэм папщІэ ягъэхьэзыра къыдэкІыгъуэхэри Москва щыІэххэщ. Тхылъхэр хозагъэ егъэджэныгъэ Іэмалым къытхуигъэув мардэщІэхэм, - лэжьыгъэр къазэрехъулІам щогуфІыкІ Баблуцэ.

Баблуцэ фІыщІэ яхуещІ адыгэбзэр хъумэным псэемыблэжу хуэлэжьа, мы Іуэхум хэлъхьэныгъэ хуэзыщІа, дунейм тетыхукІэ адыгэбзэр егъэджыным зи гуащІэшхуэ хэзылъхьа Бемырзэ М., БакІуу М. (ахърэт нэху Тхьэм къарит), абыхэм я гъусэу лэжьахэу Агъырбэ З., Куржы Т., Аргун Л., Чыржын К. сымэ. Баблуцэ нобэ къыкъуэувауэ тхылъ зэхэлъхьэнымкІэ къыдэлажьэ егъэджакІуэхэми фІыщІэ яхуещІ.

Бзэр хъумэным ехьэлІауэ Баблуцэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэми холэжьыхь. Илъэсищ хъуауэ ди къэралым щрагъэкІуэкІ «АнэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэм и къэпщытакІуэ гупым ар хэтщ.

- Ди бзэм и къулеягъыр мыкІуэдыным хуэунэтІа лэжьыгъэр зэи зэпыуркъым. Ди кафедрэм и лэжьакІуэхэм къабгъэдэкІыу, еджапІэхэм яІэрыхьащ методикэ тхылъхэр, чэнджэщхэр, ІэрытххэР, зэрылажьэ тетрадхэр. Дэ дрогушхуэ адыгэ лъэпкъым и бзэр хъумэным тхузэфІэкІ зэрыхэтлъхьэфым, - къыщІегъуж ди псэлъэгъум.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

Ди псэлъэгъухэр

# ЗэлIэлIапхъэщ хэхэсхэр

**Лъэпкъ мащIэ псоми я зэхуэдэ гуныкъуэгъуэщ нобэкIэ анэдэлъхубзэр хъумэн хуейуэ дызэрыува щытыкIэр. Глобализацэм дэкIуэд бзэмрэ щэнхабзэмрэ зыIэщIэдмыгъэкIыпэн папщIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэми къэрал унафэщIхэми лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI. Абыхэм ящыщщ анэдэлъхубзэр хъумэнымрэ зегъэужьынымрэ теухуауэ къэрал куэдым я лыкIуэ хэту иджыблагъэ Мейкъуапэ къалэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэр.**

**ЗэIущIэм къыщаIэтащ дэ, адыгэ лъэпкъым, тхуэщхьэпэн Iуэхугъуэ куэд. Абыхэм ящыщщ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм анэдэлъхубзэр яхъумэным къаруушхуэ хуэунэтIын зэрыхуейр. Бзэхэр щызэрагъащIэ еджапIэу Эскишехир къалэм (Тырку) дэт «Академие» IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Гъуэгунокъуэ Елизаветэ зи гъугъу тщIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ езымрэ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат Тэнащ Тамарэрэ зэдатха «Бзэрабзэ» тхылъыр и щапхъэу хэхэс адыгэхэм адыгэбзэр зэрырагъэдж щIыкIэм.**



**Тыркум адыгэр мелуан бжыгъэкIэ зэрыщыпсэур къэплъытэмэ, абыхэм защIэжынымрэ, я анэдэлъхубзэр ямыгъэкIуэдыжыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэщ мы бзылъхугъэхэр зыбгъэдэтыр. Гъуэгунокъуэмрэ Тэнащымрэ ирагъэкIуэкI къэпщытэныгъэм нэхъ кууу зыщыдгъэгъуэзэну депсэлъылIащ Елизаветэ.**

- ЦIыхур къызыхэкIа лъэпкъыр къэзыгъэлъагъуэр къыщалъхуа щIыпIэракъым, атIэ къэзылъхуа адэ-анэр зэрыпсалъэ бзэмрэ, зэрахьэ хабзэмрэщ. Дунейм укъызэрытехьэрэ зэхыумыха дэтхэнэ зы бзэри балигъ ухъуа иужь зэбгъэщIэну тыншкъым, ар уи анэбзэ е хамэбзэ ирехъу. Хэхэс адыгэхэм я дежкIэ адыгэбзэм и зэгъэщIэныр гугъу щIэхъури аращ. Илъэс 60 хуэдизкIэ узэIэбэкIыжрэ адыгэ хэхэсхэм уахэплъэжмэ, жып телефони, интернети къыщемыжьэм, къуажэхэм телевизорыр щынэмысам, цIыхухэр нэхъ зэкIэлъыкIуэу, зэрылъагъуу, щызэхыхьэкIи адыгэбзэр нэхъ къагъэсэбэпу щытащ, уеблэмэ а лъэхъэнэм тыркубзэр фIыуэ зымыщIэ нэхъыжь куэд щыбгъуэтынут. Еджэн, лэжьэн папщIэ къалэшхуэхэм Iэпхъуэ щIалэгъуалэр унагъуэм, лъэпкъым, къуажэм пэIэщIэ щыхъум, здэIэпхъуа щIыпIэм къыщекIуэкI бзэм нэхъ ирипсалъэурэ, адыгэбзэр IэщIыб яфIэхъуащ икIи зыхэс лъэпкъхэм яхэшыпсыхьу хуежьащ. Адыгэхэр щыхэхэс къэрал псоми а Iуэхур нобэр къыздэсым щокIуэкI. Аращи, хэхэсхэм я адыгэбзэр яхъумэныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ икIи къалэн гугъущ.

**- Адыгэбзэр хэкурысми IэщIоху, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Ауэ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм анэдэлъхубзэр егъэджыныр куэдкIэ нэхъ гугъущ. Сыт щIэн хуейр, дауэ зэрыбгъэдыхьапхъэр мы Iуэхум?**

- Дауи, хэхэсым адыгэбзэр егъэджыным методикэ щхьэхуэ иIэжын хуейщ икIи а методикэр адыгэр зэрыс щIыпIэм, абы зэрыщыпсалъэ бзэм тещIыхьауэ щытыпхъэщ. Ди лъэпкъэгъухэр щыпсэу щIыналъэхэм я къэралыбзэр пщIэуэ, а бзэхэм я гъэпсыкIэр адыгэбзэм къызэрыщхьэщыкIым ипкъ иткIэ, зыIущIэну гугъуехьхэр къыбгурыIуэу, къэплъытэу ебгъэджын хуейщ. Псалъэм папщIэ, тыркубзэкIэ псалъэуха псокIэ къэпIуатэ хъуныр, адыгэбзэм зы псалъэкIэ къыжыпIэ мэхъу: сыноплъ - ben sana bakiyorum; сыкъыбдофэ - ben senlnle dans edlyorum. Мы щапхъэхэм къагъэлъагъуэ адыгэбзэм зы хьэрф фIэкIа мыхъу аффиксхэр тыркубзэм псалъэ псо зэрыщыхъур. Адыгэбзэр зэрадж тхылъ куэд хэкум къыщагъэсэбэп, ауэ абыхэмкIэ хэхэсхэм адыгэбзэр ебгъэщIэну тыншкъым. А тхылъхэр адыгэбзэр зыIурылъ еджакIуэхэм хуатхащ, зэрытхари зыщыгъуазэ кириллицэ алфавитым тетущ. Хэхэсхэм я нэхъыбэм къагъэсэбэпыр латин тхыпкъылъэращи, кириллицэ алфавитыр щызэрагъащIэкIэ зэман куэд токIуадэ. ЕтIуанэрауэ, хэкурысым адыгэбзэр и унагъуэми, еджапIэми, уэрамми щызэхех, къыщигъэсэбэпын утыку йохуэри, Iэмалыншэу зэригъэщIэн, ирипсэлъэн хуей мэхъу. Хэхэс адыгэм уеплъмэ, гугъу ехьу зэригъэщIа адыгэбзэр щымыгъупщэжыным елIэлIэн хуейщ, уеблэмэ къыщигъэсэбэпын утыкури езым къелъыхъуэж.

**- Дэтхэнэ зы Iуэхури щаублэкIэ зы лъабжьэ гуэрым зэрытращIыхьым ещхьу, апхуэдэ программэ бгъэхьэзырын ипэ, адыгэбзэм и грамматикэр зэрыщыту тыркубзэкIэ тхыжауэ, ар лъабжьэ хуэщIын хуейщ...**

- Пэжщ. АбыкIэ сэбэп къытхуэхъунущ бзэм елэжь щIэныгъэлIхэм хамэбзэр (етIуанэ бзэр) зэрыбджыным хуатха методикэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Абы нэмыщIкIэ, диаспорэм бзэр джынымкIэ ехьэлIа дэтхэнэ зы тхылъри щызэхалъхьэкIэ, ди щIэблэм адыгэбзэр етIуанэ бзэуэ зэраджынур зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Зи гугъу сщIы Iуэхушхуэм и къегъэжьапIэу, ди лъэпкъэгъухэм папщIэ адыгэбзэм и грамматикэр тыркубзэкIэ къэзыгъэлъагъуэ тхылъ дгъэхьэзыращ. Ди IэдакъэщIэкIыр псом япэу зыхуэгъэзар Тыркум ис адыгэхэр арами, тыркубзэр зыщIэу адыгэбзэр зыджыну мурад зиIэ дэтхэнэ зы цIыхуми хуэщхьэпэнущ. «Бзэрабзэ» тхылъыр щIэныгъэр и лъабжьэу зэхэлъхьа зэрыхъуам и фIыгъэкIэ, еджапIэхэми егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр университетхэми къыщыбгъэсэбэп хъунущ.

**- Сыт хуэдэ щIэныгъэлIхэм я Iуэху еплъыкIэрэ тхылърэ тегъэщIапIэ фщIа «Бзэрабзэ» тхылъыр Тэнащымрэ уэрэ щыфтхым?**

- Тыркубзэмрэ хамэбзэмрэ джынымрэ къегъэщтэнымкIэ и къэпщытакIуэ центр TIMER-м къыдагъэкIа тхылъхэр, Эюб Гениш урысыбзэ зыщIэу тыркубзэ зыджынухэм яхуэгъэзауэ игъэхьэзыра «Тыркубзэм и грамматикэ» тхылъыр, къищынэмыщIауэ, урысыбзэр хамэбзэу егъэджынымкIэ къагъэсэбэп методикэхэм дахэплъэурэ ттхащ. Адыгэбзэм и грамматикэм телэжьыхьа щIэныгъэлIхэу Урыс Хьэталий, Джаурджий Хьэтыкъэ сымэ я IэдакъэщIэкIхэри, хэкум адыгэбзэр зэрыщадж тхылъхэри, псалъалъэхэри тегъэщIапIэ тщIащ.

**- «Бзэрабзэ» тхылъым и зэхэлъыкIэм утезгъэпсэлъыхьынут, ар зищIысыр «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм я нэгу къыщIэувэн хуэдэу.**

- Тхылъым и япэ Iыхьэр хьэрфхэм я тхыкIэм, я къеджэкIэм, я къэпсэлъыкIэм теухуащ. ЕджакIуэхэм нэхъ къагурыIуэн щхьэкIэ, хьэрф къэс укъызэреджэнур латин хьэрфкIэ къыщыдгъэлъэгъуащ и щIэдзапIэм. Хьэрфхэм я тхыкIэ, къеджэкIэ, къэпсэлъыкIэм Iэмал зэриIэкIэ гулъытэшхуэ хуэтщIу делэжьащ. Тхылъым епхауэ къыхузэIутхащ «Сэр-сэру адыгэбзэ зызогъащIэ» ютуб каналыр. Хьэрф къэс хуэдгъэхьэзыра видеохэм яхуэдгъэфэщащ QR-код. Мы бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ, еджакIуэм и телефоныр QR-кодым триубыдэмэ, хьэрфхэмрэ псалъэхэмрэ къабзэу я къэпсэлъыкIэм едаIуэурэ езым къипсэлъыжыфу зригъэсэфынущ. ИужькIэ, хуеймэ, къытригъэзэжурэ, хуеймэ, къигъэувыIэурэ, псалъэхэм я тхыкIэмрэ я мыхьэнэхэмрэ мыпIащIэу зэригъэщIэфынущ. ТхэкIэ-еджэкIэм и мызакъуэу, псалъэщIэхэм я мыхьэнэр яхузэгъэщIэнущ. Щхьэхуэу макъ зэщхьхэм видео яхутетхащ. А макъхэр IупщIу къамыпсэлъмэ, псалъэхэм къарыкIыр зэрихъуэжыр тыркубзэкIэ къэдгъэлъэгъуащ. «Хьэрфылъэ» Iыхьэр зэфIэкIа иужь, грамматикэм хохьэри щыIэцIэхэм, плъыфэцIэхэм, бжыгъэцIэхэм, цIэпапщIэхэм я закъуэ, куэд бжыгъэхэм, псалъэзешэхэм, лэжьыгъэцIэхэм, нэгъуэщIхэми кууэ тыркубзэкIэ щытопсэлъыхь. Псалъэхэм фонемэхэр щхьэж и фэкIэ къыхэгъэщауэ щытщ. Апхуэдабзэу тыркубзэми и фонемэхэр къыхэгъэщхьэхукIауэ щытщи, еджакIуэм нэхъ тыншу псалъэм и лъабжьэмрэ къыпыувэ аффиксхэм я мыхьэнэмрэ нэхъ къагурыIуэнущ. Темэ къэс щапхъэхэр, псалъэуха къудей мыхъуу, адыгэ псалъэжьхэмкIэ, усэхэмкIэ, псысэхэмкIэ, уэрэдхэмкIэ къыщыдгъэлъэгъуащ. Псоми я мыхьэнэр якIэщIэттхэжащ тыркубзэкIэ. Абы нэмыщIкIэ, еджакIуэр теорием къеджэ къудей мыхъуу, зэригъэщIар занщIэу къипщытэн папщIэ дэщIыгъущ зэлэжьын хуей упщIэхэр, зэридзэкIын хуей псалъэухахэр, псалъэзэблэдзхэр. Пэжу ищIарэ имыщIарэ зыкъипщытэжын папщIэ лэжьыгъэхэм я жэуапхэри я гъусэжщ.

**- А зи гугъу пщIым, «Бзэрабзэ» тхылъымкIэ тыркубзэр зыщIэ дэтхэнэ зы цIыхуми, и унэм щIэмыкIыу, адыгэбзэр езыр-езыру зригъэщIэфынущ.**

- Пэжщ, Тыркум щыпсэу адыгэр еджапIэ мыкIуэми, мы тхылъыр иIэмэ, хузэгъэщIэнущ адыгэбзэр, илъэс 17 и ныбжьмэ. А ныбжьым итхэм курыт еджапIэр къаухауэ, тыркубзэм нэмыщI хамэбзэу зы-тIу ящIэ. Абы къыхэкIкIэ нэгъуэщI бзэм и джыкIэм щыгъуазэхэщ, хамэбзэм иропсалъэ, иротхэ, ироджэ. КъищынэмыщIауэ, а ныбжьым къызэщIиубыдэ щIалэгъуалэр илъэс зыбжанэ дэкIмэ, езыхэм унагъуэ яухуэнурэ адэ-анэ хъужынущи, къащIэхъуэну щIэблэм бзэр ирагъэщIэжыфынущ. Я бынхэм еджапIэм, курсхэм къыщрата щIэныгъэр унэми къыщагъэсэбэпурэ, адыгэбзэр зэрахьэнущ. Иужьрейуи мыбы гу лъыстэнут... Ди лъэпкъэгъу хэхэсхэр нэхъыбэу здэщыIэр Тыркурщ. Адыгэхэм анэдэлъхубзэр зэрамыгъэкIуэдыжынымкIэ къалэнышхуэ къатохуэ абыхэм. Хэкур я дэIэпыкъуэгъуу, тхылъ, курс, интернет платформэ ирехъу, сыт хуэдэ Iэмалри къызэрыгъэсэбэпын хуейр наIуэщ. Лъэпкъыу укъызэтенэн щхьэкIэ, уи бзэм урипсэлъэжын хуейщ. Дэ бзэр тхъумэху, бзэм дэ дыкъихъумэжынущ!

*Епсэлъар* **ФЫРЭ Анфисэщ**.

Хьэлэмэтщ

# Мэзкъуэдым хеубыдэ

**Кавказ Ищхъэрэм и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ нэхъ удэзыхьэхыу щыIэ щIыпIэ дахащэхэм ящыщщ Фыщт Iуащхьэжьым и Iэхэлъахэр.**

КЪЭЗЫУХЪУРЕИХЬ псоми нэхъ щхьэщылъагыкI Iуащхьэжь уардэм къегъэщIылIа щхьэдэхыпIэхэм ящыщу «Шэрджэс» фIэщыгъэр зытеIукIам хы IуфэмкIэ гъэза и джабэ нэкIухэм уемых щIыкIэ, и шытхым утету, ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ километри 5 хуэдизкIэ уекIуэтэкIыжмэ, узэрызыIэпишэмкIэ зыхуэбгъэдэн щымыIэ хыжьей дахащэ гуэр урохьэлIэ. Абы языныкъуэхэр «ХыкъуэкIэ», мыдрейхэр «ХыкхъуэкIэ» йоджэ.

Кавказ биосферэ мэзкъуэдым и щIыналъэм храгъэубыда мы псы хъурейр зэрыт «тэхъуанэр» Краснодар краймрэ Адыгэ Республикэмрэ я зэпылъыпIэу Лагъуэнакъэ бгыщхьэ тафэм къедзам хуозэ, е нэгъуэщIу жытIэмэ, Пщыхьыщхьэрэ Шахэрэ я тIуащIащхьэхэр къыщежьэм я зэхуаку дэтщ.

«Хыкъуэр» IыхьитIу зэпкърыпхмэ - «хым и къуэ» мыхьэнэм хуэкIуэ хуэдэу къокI. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэм и телъхьэщ хы ФIыцIэ Iуфэм Iус шапсыгъ адыгэхэм къахэкIа сурэтыщI Iэзэ Хьэпышт Хьисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыхъуа бзэщIэныгъэлI цIэрыIуэ Шагъыр Iэмин «Хы къуэ» псалъэр зыхуигъакIуэу щытар «хыжьейр зыдэт лъэгу» мыхьэнэрат.

ЕтIуанэ къэпсэлъыкIэу «хыкхъуэ» жыхуэтIэм и гугъу тщIымэ, Адыгейм щыпсэуа лъахэхутэ-лъахэдж Мерэтыкъуэ Къасым ар зыхуихьу къекIуэкIар хы псыIу шапсыгъхэр дельфиным зэреджэрщ.

Хыжьейм и псы щхьэфэм, псори зэхэту, метр зэбгъузэнатIэ мин 27,5-рэ къызэщIеубыдэ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Абхъазым щыIэ Рицэ псы хъурей цIэрыIуэр здэщыIэ щIыпIэм нэхърэ Хыкъуэ-Хыкхъуэр зэрыт лъэгур тенджыз Iуфэм тIукIэ нэхъ щхьэщыIэтыкIащ.

ЗэрыжытIащи, мы иужьрейм хы лъэныкъуэмкIэ и Iэхэлъахэм ижь-ижьыж лъандэрэ шапсыгъ адыгэхэр щопсэу. Абыхэм я IуэрыIуатэм къызэрыхэщыжымкIэ, Iэгъуэблагъэм щыпсэуахэр уэшх къыщемышх лъэхъэнэм гужьеигъуэ зэригъахуэрт. Апхуэдэхэм деж ХьэнцэгуащэкIэ зэджэ гуащэ IэрыщIыр яхуапэрти, сабийхэм ар зыдэс жылэхэм къыщрахьэкIырт, унагъуэ къэс ихьэхэурэ. Хьэнцэгуащэр сыт хуэдэ пщIантIэ дахьами, абы унагъуэр зейм хуэфIу псы кърикIыхырт. Ар куэд щIауэ адыгэ псоми я деж къыщокIуэкI. Ауэ, абы къинэмыщIа, мы щIыпIэхэм нэгъуэщI зы хабзи щагъэзащIэрт: уэгъум къиша гуныкъуэгъуэм хэт цIыхухэр Хыкъуэ (Хыкхъуэ) нэс дэкIырти, абы и псым щыщ кърагъахъуэрт. ИкIи ар езыхэр зыдэс жылэм нэс кърахьэхырти, я къуажэм пэгъунэгъуу щежэх псым хакIэрт. Хыкъуэм къыхаха псым щыщ хы ФIыцIэм зэрынэсу, абы уэгъур къызэтригъэувыIэу, уэшхми щIригъэдзэжыну къалъытэрт.

Псы итыпIэр къызэрыунэхуа щIыкIэр геологхэм иджыри къыздэсым яхузэхэгъэкIакъым. Я нэхъыбэр зэрегупсысымкIэ, Хыкъуэ хыжьейр дунейм къытехьэным щхьэусыгъуэ хуэхъуар, мыбдеж дыдэм Кавказ Шытх Нэхъыщхьэр зэрыщрикIуэр абы и щыхьэту, щIы щIагъым кууэ щыщIэгъэпщкIухьа тектоникэ пцIахуэхэр, Кхъужьыпс-Адлер зэпыщIыкIыпIэм хуэзэу, зэрыщызэтекIауэ щытарщ.

Хыжьейм и нэщэнэ зэхэщIыкIыгъуей дыдэхэм ящыщщ, абы зы щIыпIэкIи къикIыу псы къуэпс закъуи зэрыхэмылъадэр. АтIэми, илъэс куэд щIауэ кIэлъыплъхэм ящыщ гуэрым псы щхьэфэр зэгуэр щIэтIысыкIауэ илъэгъуакъым. Абы къыхэкIыу, египсыс щыIэщ ар къурш лъабжьэхэмкIэ щIэкIыу хыпсым пыщIагъэнкIэ зэрыхъунум. «Арауэ пIэрэ, атIэ, - щIоупщIэ языныкъуэ лъахэджхэр, - адыгэхэм «Хы-къуэ» псалъэр псы итыпIэм щIытрагъэIукIауэ щытари?».

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцIэ**.

# Вындыжьым и насып щыгъэхэр

**Ди лъэпкъэгъуу дунейм тет псоми зэдэдгъэлъапIэ Адыгэ тхыбзэм и махуэр зытещIыхьар ди анэдэлъхубзэр хъумэнырщ, абы зегъэужьынырщ, щIэблэхэм гъащIэ гъуэмылэу къахуэгъэнэнырщ.**



АДЫГЭБЗЭР и псэм щыщ налъэу, и гум и къуэпсу къэзылъытэу зи дунейр езыхьэкI хэкупсэхэм ящыщщ усакIуэ, уэрэдус цIэрыIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ редакцэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и къудамэм илъэс куэдкIэ щылэжьа Вындыжь Марие.

Зи IуэхущIафэхэмкIэ дахэ, гупсысэхэмкIэ шэщIа адыгэ бзылъхугъэр макъамэмрэ усыгъэмрэ псэкIэ дапщэщи зыхэзыщIэ цIыхущ. Вындыжь Марие и къалэмыпэм къыпыкI усэхэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым ятеухуащ. Абыхэм къызэщIаубыдэ сабиигъуэ IэфIри щIалэгъуэ дахэри, анэ лъагъуныгъэри хэкупсэ гурыщIэхэри. Вындыжьым и усэхэм ящыщ куэдым ди композиторхэм макъамэ щIалъхьауэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм утыкушхуэхэм щагъэзащIэ. УсакIуэм и сабий уэрэдхэр цIыкIухэм я гум, я псэм нэс, абыхэм япэу жаIэ хъуахэщ.

Сэрмакъ къуажэм щыпсэу адыгэ мэкъумэшыщIэ унагъуэшхуэм, пщIэрэ нэмысрэ зэрылъым, къыщалъхуа пщащэ цIыкIур зэрыбыниблым - зэкъуэшищрэ зэшыпхъуиплIым - я курытти, езым зэрыжиIэжымкIэ, нэхъыжь ягъэпажэми нэхъыщIэ ягъафIэми ящыщакъым. Быныбэ унагъуэм я адэ-анэр хущIэкъуащ къащIэхъуэ цIыкIухэм я сабиигъуэр зэрыхуагъэIэфIыным, зэрыхуагъэдэхэным, дэтхэнэми къалъысащ абыхэм я гулъытэ, я псалъэ гуапэ. Нэхъыбэу и адэм кIэрыщIауэ щыт Марие ноби и гум илъщ абы зэригъэжеижу щыта уэрэдхэр, и тхьэIумэм итщ таурыхъ, псысэ хьэлэмэтхэр, къебжэкIхэр, зауэ хъыбархэр къызэрыжриIэжу щыта и макъ щабэр. Абы щыгъуэщ, дауи, абы и гум къыщыщыушар иужькIэ къыкъуэкIа усакIуэ зэфIэкIыр.

Школым щыщIэса илъэсхэри гукъинэщ Вындыжьым и дежкIэ. Псом нэхърэ нэхъыфIу илъагъу дерсхэм ящыщт адыгэбзэр, литературэр. Класс унафэщIу гупым яIа Лыджыдэ Хьэлимэт Темыржан и пхъум сабийхэм яригъэджыр урысыбзэрами, фIы дыдэу хищIыкIырт адыгэбзэми. Абы къызэригъэпэща литературэ гупжьейм хэту, япэ усэхэр тхын щIидзащ икIи и япэ усэхэм ящыщыр гъатхэпэм и 8-м ирихьэлIэу Хьэлимэт хузэхилъхьауэ щытащ, «Си егъэджакIуэ» фIэщыгъэр иIэу.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиухри, Марие япэщIыкIэ педучилищэм, итIанэ КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие къудамэм щеджащ, адыгэбзэм, лъэпкъ усыгъэм я хабзэхэм, щэхухэм нэхъ кууэ щыгъуазэ зыхуищIу. Пщащэ зэчиифIэм абы щыгъуэ шэщIауэ къыдэлэжьа критик, щIэныгъэлI цIэрыIуэ Сокъур Мусэрбийщ ар япэу утыкушхуэм изышар. 1973 гъэм «МакъыщIэхэр» республикэпсо щIалэгъуалэ зэпеуэм хэту, Марие и усэхэм гулъытэ хэха къыхуащIауэ щытащ къэпщытакIуэ гупым хэтахэу Мысычэ Пётр, Тхьэгъэзит Зубер, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ сымэ, усакIуэ ныбжьыщIэм и усэбзэм и зэхэлъыкIэр, абы къыщигъэсэбэп художественно-изобразительнэ Iэмалхэр, къызэщIригъэубыдэф гъунапкъэхэр яфIэхьэлэмэту. А псори гунэс зыщыхъуа усакIуэ цIэрыIуэхэм зэдэарэзыуэ зэпеуэм и япэ увыпIэр Вындыжь Марие хуагъэфэщауэ щытащ. УсакIуэ ныбжьыщIэр иужькIэ ди телевиденэм ирагъэблагъэри, нэтын щхьэхуэ щыхуащIауэ щытащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ пщащэр зытеува творческэ лъагъуэр иужькIэ абы къыхущIэкIащ Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмкIэ гъэнщIа гъуэгуанэ бгъуфIэу, кIыхьу. ЯпэщIыкIэ Марие сабий усэ цIыкIухэм нэхъ тригъэщIащ. Абыхэм макъамэ щIилъхьэрт Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм цIыкIухэм вокалымкIэ ядэлажьэу щыта Блашэ Владимир. Ахэр сабийхэми яфIэфIу ягъэзэщIащ. ИужькIэ а уэрэдхэр педколледжым и студентхэм ятхащ, лэжьапIэ здагъакIуэ школхэм я гъэсэнхэм ирагъэщIэну. Апхуэдэурэ Вындыжьым и сабий уэрэдхэр хэIущIыIу хъуащ. Куэд дэмыкIыу абыхэм къакIэлъыкIуащ лъагъуныгъэ лирикэр, хэкупсэ темэр, цIыху зэхущытыкIэхэр, щIыуэпсым и теплъэхэр, нэгъуэщIхэри къызыхэщ усэ куэд.

А лъэхъэнэм абы и творчествэр хуэдэт къэунэхуагъащIэ псынащхьэм: япэщIыкIэ зыкъомрэ къибыргъукIыу, псыр зэхуихьэсу, итIанэ лъагъуэ къигъуэтрэ ежэхын щIидзэу. Марие и усэхэм гу лъамытэу къэнакъым адыгэ композитор цIэрыIуэхэу Къэбэрдокъуэ Борис, Даур Аслъэн, ЗэрамыщIэ Заретэ сымэ. Марие и усэхэр зыщIэлъ уэрэдхэр ягъэзащIэу хуежьащ ди уэрэджыIакIуэ Iэзэхэу Сокъур Ольгэ, Нэхущ Чэрим, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Хъыжьрокъуэ СулътIан, Лийхэ Аслъэнрэ Иринэрэ, Хьэцей Тимур сымэ, нэгъуэщIхэми. Ахэр куэд мэхъу икIи япэми хуэдэу, ноби цIыхухэм яфIэфIщ, гумрэ псэмрэ едэхащIэу, гурыщIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIаIэтэу.

Вындыжьым и гъащIэм щызэхэухуэнащ усэ тхынри журналист лэжьыгъэри. Абы лъэпкъ радиом щигъэхьэзыру щыта нэтынхэр IэнатIэм и дыщэ фондым хыхьащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри купщIафIэщ, анэбзэр гурэ псэкIэ зыхащIэу щIэблэр гъэсэнымкIэ, щIэныгъэ тэмэм ягъуэтынымкIэ, егъэджэныгъэм и мардэфIхэм дэнэкIи зыщаубгъунымкIэ IэмалыфIхэщ. ЗэфIиха лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэри Марие и дежкIэ насып щыгъэ налъэщ. Аращ абы и усэхэм ящыщ зым «Насып ткIуэпсхэр зэхуэсхьэсауэ, ГъащIэ зэIусщэм хызогъэбыдэ» щIыщыжиIэри.

ЦIыхубз зэчиифIэр щыцIэрыIуэщ ди къэралми, ди лъахэми, ар урысейпсо, республикэпсо уэрэд зэхыхьэхэм я лауреатщ. И лэжьыгъэфIым папщIэ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр къратащ, утыкушхуэхэм куэдрэ щаIэтащ, щагъэлъэпIащ. ФIыуэ илъагъу и анэдэлъхубзэм и махуэмкIэ дохъуэхъу Марие. Узыншагъэ быдэ иIэу, и унагъуэм исхэр, нобэ хуэдэу, къепщIэпщIэкIыу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэу куэдрэ Алыхьым дунейм тригъэт.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# КъэбгъэIурыщIэмэ, лъагэу уиIэтынущ

КъБР

**Бзэр лъэпкъым и псэщ, бзэр лъэпкъым и дамэщ, жаIэ. Ар пфIэкIуэдамэ, ущымыIэж пэлъытэщ. Ауэ ар къэбгъэIурыщIэмэ, лъагэу уиIэтынущ, уздынимыхьэсын щIыпIи щыIэжкъыми, дамэ щIэхъужыр аращ. Ауэ сыту Iуэхушхуэ-тIэ къыпщIэувэ щIэблэм илъэс мин лъандэрэ лъэпкъым къыдэгъуэгурыкIуэ бзэр Iурылъхьэжын хуейуэ, ар абы къызэрищтэн, лъагъуныгъи зэрыхуищIын Iэмал къэплъыхъуэу щытыкIэ уитыныр... Бзэр кIуэдынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэм и гурыгъузыр гуащIэу иджыри къэс абы ирилажьэхэмрэ иригумэщIхэм зыхащIэу щытамэ, ар адэ-анэхэми къагурыIуэ хуэдэу хъуащ, къулыкъущIэхэри ирипсалъэу хуежьащ.**

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ гузэхэщIэ хуаIэу щIэблэр къэгъэтэджыным хуаунэтIащ иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм ЕгъэджакIуэхэм я Iэзагъымрэ щIэныгъэмрэ зэпымыууэ хэгъэхъуэнымкIэ и центрымрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ зэщIыгъуу къызэрагъэпэща хэгъэгупсо щIэнIуатэр. Ар теухуат лъэпкъыбзэу зэхэт къэралым щызекIуэ анэдэлъхубзэхэр хъума хъун папщIэ курыт еджапIэм и пщэ къыдэхуэ Iуэхугъуэхэр егъэфIэкIуа, щыIэ щIэныпхъэхэмрэ егъэджэкIэ Iэмалхэмрэ иджырей егъэджэныгъэ мардэхэм къитIасэу, атIэми ныбжьыщIэхэм ар гъэщIэгъуэн къащыхъуу бгъэдэлъхьа зэрыхъуным.

ЩIэнIуатэм кърихьэлIащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэр, КъБКъУ-м и лэжьакIуэхэр, щIыналъэхэм егъэджэныгъэмкIэ я IуэхущIапIэхэм щIэныпхъэмкIэ и IэщIагъэрылажьэхэр, курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэмрэ студентхэмрэ, жылагъуэ лэжьакIуэхэр. Апхуэдэу щIэнIуатэм и лэжьыгъэм пэIудзауэ хэтащ Къэрэшей-Шэрджэсым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ 40-м нэблагъэ.

ЗэрытщIэщи, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэр зэрылажьэ программэхэм зэхъуэкIыныгъэ куэд ягъуэтащ. Сыхьэт бжыгъэхэр зэрагъэмэщIам къыдэкIуэу, дерсхэр зэрырагъэдж щIыкIэми хэпщIыкIыу зихъуэжащ. А зэхъуэкIыныгъэхэр къалъэIэсащ анэдэлъхубзэхэми. Къызэхуэсахэр бзэм иIэ хъуа щытыкIэм зэрырипIейтейр къапщIэу, ар зэрырагъэдж тхылъхэм я гъэпсыкIэм, егъэджыкIэ Iэмалхэм, программэ ухуэкIэхэм ирипсалъэрт. ГурыIуэгъуэт егъэджакIуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун псалъэрэ гъуазэрэ къызэралъыхъуэр. Абы и IуэхукIэ щIэнIуатэр игъуэу зэхуашэсауэ къэплъытэ хъунущ.

ЩIэнIуатэм и щIэдзапIэм къэпсэлъа, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ икIи егъэджакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэм ягури я псэри етауэ зэрыпэрытым, бзэр щIэблэм егъэщIэным гуащIафIэу зэрытелажьэм папщIэ. «Сыт хуэдиз псалъэ дахи егъэджакIуэхэм щхьэкIэ пхужыIэнущ. Ауэ ахэр зэи щыз хъуну къыщIэкIынкъым, щыIэныгъэм лъэпкъыр хэмыкIуэдэжу къызэтенэнымкIэ абыхэм я гуащIэ къихь лэжьыгъэр зыхуэдизыр къыумылъытауэ. ЕгъэджакIуэу ущытыныр щытынша къэхъуакъым. АрщхьэкIэ анэдэлъхубзэр ебгъэджыныр дапщэщи гугъуу къекIуэкIащ. ЕджапIэм щадж адрей дерсхэмкIэ къэралыр щIэгъэкъуэнышхуэ мэхъу. Щэ бжыгъэкIэ щIэныпхъэхэр зыдж институтхэр яIэщи, программэхэр зэхагъэувэ, класс къэс зэреджэну тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхалъхьэ, абыхэмкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну егъэджыкIэ Iэмалхэр къызэкIэлъагъакIуэ. АнэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм яIэ дэIэпыкъуныгъэр нэхъ мащIэщ. АтIэми тхузэфIэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ тхылъхэр къэралым и жыпхъэм идгъэувэу и реестрым хэдгъэхьэн, абыхэм къызэщIаубыдэ Iуэхугъуэхэр иджырей гъащIэм нэхъ гъунэгъу хуэтщIын. Сыт хуэдиз гугъуехь пылъми, егъэджакIуэ гуащIафIэм и фIыгъэкIэ а мащIэр екIуу щIэблэм я деж нехьэсыф, щIэщыгъуэ ящищIурэ ябгъэделъхьэф. ДяпэкIи дыкъуэтынущ анэдэлъхубзэр зи IэщIагъэм, я пащхьэ къиувэ Iуэхугъугъуэ зэхэмыбзхэр зэрызэблэдгъэкIын хэкIыпIэхэр зэрыхъукIи къэдгъуэтынущ. ЩIэнIуатэм кърихьэлIахэм гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр щызэхэфхыну, ахэр фи IэнатIэм къыщыщхьэпэн защIэу къыщIэкIыну ди гуапэщ», - жиIащ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

АдэкIэ псалъэр иратащ щIэнIуатэм и къызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъахэу Центрым адыгэбзэмкIэ и лабораторэм и унафэщI, ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Щоджэн Iэминатрэ «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Муратрэ.

Щоджэн Iэминат къызэхуэсахэр лабораторэм и лэжьыгъэм убгъуауэ тепсэлъыхьащ икIи адыгэбзэр курыт еджапIэхэм зэрыщрагъэдж Iэмалхэр нэхъыбэ щIыным и IуэхукIэ къыхалъхьэ жэрдэмхэм я гугъу ищIащ. «Курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ я IуэхукIэ щекIуэкI лэжьыгъэфIыр псоми зэлъащIысын хуейуэ къыдолъытэ. Абы къыхэкIыу, щIыпIэхэм апхуэдэ лэжьыгъэр къэтхутэну докIуэ, нэхъыфIхэр хэгъэгупсо икIи къэралпсо зэхьэзэхуэхэм хыдогъэхьэ. А Iуэхугъуэхэм я лъабжьэ щIэлъ щIэныпхъэхэр нэхъыбэм егъэщIэным хуэунэтIащ ди щIэнIуатэр. Сыщогугъ ди жэрдэмым и щхьэпэ къывэкIыну, лэжьыгъэфIи къетхьэлIэну», - жиIащ Щоджэн Iэминат.

Табыщ Мурат къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ егъэджэныгъэм тегъэщIапIэ ищI къэрал хабзэхэм къищынэмыщIауэ, ирагъэджыр цIыкIухэм я деж щынахьэскIэ, зэрыгъуэзапхъэхэр, концепцэкIэ зэджэр, зэрыщыIэр. Абы кIэщIу къиIуэтащ дэтхэнэ егъэджакIуэми адыгэбзэмрэ литературэмкIэ программэр щагъэзащIэкIэ, лэжьыгъэр зытещIыхьыпхъэ Iуэхугъуищыр: еджакIуэм и зэхэщIыкIым зиужьыным хуэгъэпсауэ, дерсхэм я зэхуаку дэлъ зэпхыныгъэр къилъытэу, бзэмрэ литературэмрэ дунейм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм ешэлIауэ щытын зэрыхуейр. Ахэр къыбдэхъун щхьэкIэ лэжьыгъэм лъэбакъуэу хэпчэн хуейхэр Табыщым къызэхуэсахэм яхузэпкърихащ.

ЩIэнIуатэм Iуэхугъуэ зыбжанэ къыщаIэтащ. Абдеж щытепсэлъыхьащ дерсым и кIуэцIкIэ къыщаIэт Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр цIыкIухэм зэрыбгъэдалъхьэ щIыкIэхэм, щызэрахьэ Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм, щрагъэкIуэкI проект лэжьыгъэхэм. КъищынэмыщIауэ, егъэджакIуэхэм мастер-классхэр къызэхуэсахэм ирагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу иригъэкIуэкI лэжьыгъэмкIэ щIэнIуатэм кърихьэлIахэм ядэгуэшащ Белокаменскэ къуажэм дэт курыт еджапIэм адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ Къэшэж Назирэт, Акъбащ Ипщэ къуажэм и курыт еджапIэм адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэхэу Тэркъан Натальерэ ШэкIыхьэщIэ Ленэрэ, Нарткъалэ курыт еджапIэ №6-м хэт сабий гъэсапIэм и гъэсакIуэ СтIащ Симазэ, Налшык къалэм дэт гимназие №14-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэ Табыщ Динарэ сымэ. ЛитературэмкIэ ебгъэкIуэкI хъуну мастер-классым и зы щапхъэ щIэнIуатэм хэтхэм яригъэлъэгъуащ Щоджэн Iэминат. Интернетымрэ иджырей технологие IэмалхэмкIэ адыгэбзэм щIэблэм и гупэр зэрыхуэбгъэзэфынум тепсэлъыхьащ Налшык къалэм дэт гимназие №4-м и еджакIуэ Мамхэгъ Алимрэ КъБР-м дерс унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуэгъэпса гимназием и еджакIуэ Къуэдзокъуэ Идаррэ.

ЕкIуэкIа лэжьыгъэр щIагъуэщ, жыпIэныр мащIэIуэу къыпщохъу, ар зыхуэунэтIауэ щыта бзэм хуэщIын хуей гулъытэм ущегупсыскIэ. Апхуэдэу щытми, псы цIыкIухэр зэхэлъэдэжурэщ псышхуэр къызэрыхъури, дыщогугъ анэдэлъхубзэхэм гукъэкI дахэ хуэзыщI апхуэдэ жэрдэмхэр нэхъыбэ хъуну, щIалэгъуалэр анэбзэм гъунэгъу хуэзыщI пэхуэщIэхэр щIэх-щIэхыурэ утыку къихьэну.

*Тхыгъэри сурэтри*
**ШУРДЫМ Динэ** *ейщ.*



# И Iэфӏыр псэкӏэ зыхащӏэ

● Гъэсэныгъэ



**Зи щхьэ пщӏэ хуэзыщӏыж дэтхэнэри, ар цӏыху щхьэхуэу, лъэпкъыу е къэралу щрет, йогугъу икӏи гулъытэшхуэ хуещӏ къыщӏэхъуэ щӏэблэм гъэсэныгъэ тэмэм етыным, цӏыкӏухэм я псэр къабзагъэм, щӏэныгъэм хуэгъэушыным, а анэдэлъхубзэр яӏурылъу, зыщыщ лъэпкъым и хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ щыгъуазэу, ахэр зыхуэбгъадэ хъун щымыӏэ фӏыгъуэу зэрыщытыр хьэкъыу япхыкӏауэ къэгъэтэджыным. Сабий къыщыхъу унагъуэм, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ иӏэщ а ӏуэхухэмкӏэ, аращ цӏыхум хэлъынкӏэ хъуну хьэлхэми щэнхэми я къежьапӏэр, лъабжьэр. Адэкӏэ цӏыхупсэм и зыужьыныгъэр нэхъыбэу я ӏэмыщӏэ йохуэ сабий гъэсакӏуэхэмрэ курыт школхэмрэ я ӏэщӏагъэлӏхэм.**

- САБИЙР цӏыху хэтыкӏэм и хабзэхэм, гъащӏэм и зэхэлъыкӏэм, щӏэныгъэ гъуэгум япэу щытеувэр гъэсапӏэращ. Абы къекӏуалӏэ цӏыкӏухэм ядэбгъэзащӏэ лэжьыгъэ псоми я нэхъыщхьэщ яхуиӏахъэ лъагъуныгъэ къабзэр, уазэрепсэлъапхъэ анэбзэ гуапэм и ӏэфӏыр сабиипсэм зыхебгъэщӏэныр, цӏыкӏур апхуэдэу къыдэпхьэхыныр. Абыхэм къакӏэлъокӏуэ жэуаплыныгъэ ин зыпылъ, гъунапкъэ куэд къызэщӏэзыубыдэ икӏи хьэлэмэт защӏэу зэхэухуэна гъэсэныгъэ лэжьыгъэшхуэр, - жеӏэ Лэскэн щӏыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм Дол Хьэсэнбий и цӏэр зэрихьэу дэт курыт школым (унафэщӏыр Гупсешэ Залинэщ) къепха гъэсапӏэм и унафэщӏ Тохъу (Слъон) Замирэ. - Мыхьэнэшхуэ зиӏэ а ӏуэхур къызыхуэтыншэу щызэфӏэпхыфынур уи ӏэнатӏэм гурэ псэкӏэ убгъэдэтмэщ, дзыхь къыпхуащӏамкӏэ жэуаплыныгъэ зыхэпщӏэрэ адрейхэм щапхъэ уахуэхъун хуэдэу лэжьыгъэр епхьэкӏмэщ.

Апхуэдэущ и ӏэнатӏэр зэрырихьэкӏыр езы Замирэ. И щӏалэгъуэм гу зыхуищӏа ӏэщӏагъэмкӏэ щӏэныгъэ нэхъыщхьэ, зэфӏэкӏ лъагэхэр зыбгъэдэлъ бзылъхугъэр илъэс 30-м щӏигъуащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хьэлэлу, щапхъэ игъэлъагъуэу зэрыпэрытрэ. Апхуэдэ и лэжьыгъэфӏым папщӏи мызэ-мытӏэу къыхуагъэфэщащ щытхъу, фӏыщӏэ тхылъ бжыгъэншэхэр. Абыхэм яхэлъщ КъБР-м и ӏэтащхьэм, республикэм Егъэджэныгъэмрэ щӏэныгъэмкӏэ и министерствэм, нэгъуэщӏ ӏэнатӏэхэми къабгъэдэкӏахэр.

Аушыджэр дэт курыт школыр ехъулӏэныгъэкӏэ къиухри, Замирэ и щӏэныгъэм щыхигъэхъуащ Бэрбэч ХьэтӏутӏэI и цӏэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие къудамэм. 1993 гъэм абы еджэныр хъарзынэу зэфӏихащ икӏи «филолог, урысыбзэмрэ литературэмкӏэ, адыгэбзэмрэ литературэмкӏэ егъэджакӏуэ» ӏэщӏагъэр иӏэу лэжьэн щыщӏидзащ Налшык дэт гимназие №13-м, лъэпкъыбзэмрэ литературэмрэ щӏэблэм яригъэджу. Егъэджакӏуэ ныбжьыщӏэр зэман кӏэщӏым къриубыдэу хуэӏэижь хъуащ и ӏэщӏагъэм. Щӏэм и лъыхъуакӏуэу, методикэ пэрытхэр дерсхэм къыщигъэсэбэпу, анэдэлъхубзэм и дахагъыр, ӏэфӏагъыр сабиипсэм зыхригъащӏэу лажьэу, Замирэ цӏыкӏухэми зыхэт гупми фӏыуэ къалъэгъуащ, адэ-анэхэри къыхуэарэзы хъуащ. ИлъэситӏкӏэI абы щыӏауэ, егъэджакӏуэм и лэжьыгъэм щыпищащ Хьэтуей дэт курыт школым. Иджы, илъэси 10-м нэсауэ, Тохъур еджапӏэм и нэӏэм щӏэту лажьэ сабий садым и унафэщӏщ, и къалэнхэри къызыхуэтыншэу зэфӏех, егъэджэныгъэмкӏэ щӏыпӏэ ӏэнатӏэм и унафэщӏхэри, и нэӏэм щӏэтхэри, адэ-анэхэри къыхуэарэзыуэ.

Ди анэдэлъхубзэм иӏэ иджырей щытыкӏэр къапщтэмэ, а унэтӏыныгъэмкӏэ сабийхэм ядэлажьэ гъэсакӏуэу, егъэджакӏуэу, щӏэблэм я унэтӏакӏуэу мы лъэхъэнэм ущытыныр къызэрыгуэкӏ ӏуэхукъым. Зэманым зихъуэжащ, абы хэпсэукӏ балигъхэми сабийхэми я дуней еплъыкӏэри гупсысэкӏэри нэгъуэщӏщ. Сабийхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ябгъэдэплъхьэныр, анэдэлъхубзэр яӏурылърэ лъэпкъ хабзэхэм щыгъуазэу къэбгъэхъун папщӏэ, лэжьыгъэщӏэмрэ гупсысэщӏэмрэ гупыр хуэзыгъэуш, дэтхэнэми бзэ щхьэхуэ къахуэзыгъуэтыф пашэу ущытын хуейщ. Апхуэдэущ зэрылажьэр Замири абы и нэӏэм щӏэтхэри.

- Зызыхъуэжа дунейм и нэщэнэхэр къыдгуроӏуэри, ди лэжьыгъэм щыдогъэнэхъапэ лъэпкъ хабзэмрэ хьэл-щэнымрэ ди сабийхэр щӏэтпӏыкӏыныр, ди анэдэлъхубзэр яӏурылъу, ар ягъэшэрыуэу къэдгъэтэджыныр. Ди гъэсакӏуэхэм абыхэм ятеухуа зэхыхьэхэр гупжьейхэм къыщызэрагъэпэщ. Абы щыгъуэм деж тхьэлъэӏу зэхуэмыдэхэм, адыгэ хьэгъуэлӏыгъуэм щыщ хабзэ щхьэхуэхэр сабийхэм ягъэзащӏэ, а махуэ лъапӏэхэм ятеухуауэ усэ, уэрэд жаӏэ, къофэ. Апхуэдэу цӏыкӏухэм зрагъащӏэ къызыхэкӏа лъэпкъым къыдекӏуэкӏ хабзэхэм щыщхэр: нэхъыжьымрэ нэхъыщӏэмрэ, адэ-анэмрэ бынымрэ, цӏыхухъухэмрэ бзылъхугъэхэмрэ яку илъын хуей пщӏэр, нэмысыр, гулъытэр, н.къ. Абыхэм йолӏалӏэ анэдэлъхубзэхэр ди деж щезыгъэдж ӏэщӏагъэлӏхэри, - къыхегъэщ Замирэ. - Къинэмыщӏауэ, ди гъэсэн цӏыкӏухэр илъэс къэс хэтщ къалэпсо, республикэпсо, къэралпсо зэпеуэ зэмылӏэужьыгъуэхэм, ехъулӏэныгъэфӏхэри зыӏэрагъэхьэ. Жыджэру дыхэтащ «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэми. Осетие Ищхъэрэм, нэгъуэщӏ щӏыпӏэхэми щекӏуэкӏа семинархэм я щӏэныгъэм щыхагъэхъуащ ди гъэсакӏуэхэм.

Гъэсапӏэр хэтащ икӏи текӏуэныгъэ къыщихьащ «Урысей Федерацэм и гъэсапӏэ нэхъыфӏхэр» къэралпсо зэхьэзэхуэм, «Цӏыхумрэ щӏыуэпсымрэ», «Щӏэныгъэм и дуней», «Усэ псэу» урысейпсо фестиваль-зэпеуэхэм, нэгъуэщӏхэми.

Тохъур зытепсэлъыхьхэр лэжьакӏуэ гупри адэ-анэхэри зэгъусэу зэрыгушхуэ ӏуэхугъуэщ. Гъэсапӏэм зыӏэригъэхьэ дэтхэнэ ехъулӏэныгъэри къыпокӏуэ абыхэм я лэжьыгъэ хьэлэлым. Сабий садыр зэпэщщ зи ӏэщӏагъэм хуэӏэзэ ӏэщӏагъэлӏхэмкӏэ. Псоми я цӏэр къримыӏуэфми, Замирэ къыхегъэбелджылыкӏ ӏуэхущӏапӏэм и лэжьакӏуэ нэхъыжьыфӏхэу «Егъэджакӏуэм зэрихьа псэкупсэ лӏыгъэм папщӏэ» къэрал дамыгъэ лъапӏэр нэгъабэ зыхуагъэфэща Тэрчокъуэ Фатӏимэ, Бетрожь Любэ, ӏэщнокъуэ Зое, Тэтэр Замирэ, Истепан Рае, Бищӏо Феня, Щхьэгуэш Мирэ сымэ. Абыхэм яхэлъ жэуаплыныгъэм, я къалэнхэр дагъуэншэу зэрагъэзащӏэм кӏэлъоплъ гупым къахыхьэ щӏалэгъуалэр, щапхъи трах.

Лэжьыгъэ мытыншым, жэуаплыныгъэ ин зыпылъым, жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиӏэм пэрытщ Тохъу Замири абы и гупри. Ахэр хущӏокъу, ябгъэдэлъ щӏэныгъэ куумрэ зэфӏэкӏ лъагэхэмрэ я тегъэщӏапӏэу, сабийр фӏым, гуапагъым, пэжыгъэм, еджэным къыхуагъэушыну, щалъхуа щӏыналъэр, я анэбзэр фӏыуэ ялъагъуу къагъэхъуну, зэпыу ямыӏэу йолӏалӏэ ди хэкум щӏэблэ гъэса къитэджэным.

- Зи анэдэлъхубзэр зыӏурылъ, анэбзэм и ӏэфӏыр псэкӏэ зыхэзыщӏэ, лъэпкъ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ пщӏэ хуэзыщӏ щӏэблэ къыпщӏэувэныр фӏыгъуэшхуэщ. А фӏыгъуэхэр щалъытэ къэралри дапщэщи лъэщщ, - жеӏэ Тохъу Замирэ. – Апхуэдэм къыпэхъуни къытекӏуэни щыӏэкъым.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

● Щӏэблэ



# Щэнхабзэр зи гъуазэ

**Къэхъун къуажэм дэт курыт еджапӏэ №2-м иджыблагъэ зэӏущӏэ щхьэпэ щекӏуэкӏащ. 7-11-нэ классхэм щӏэс еджакӏуэхэр хуагъэзащ тхакӏуэ, журналист, Щӏэныгъэхэмкӏэ Дунейпсо Адыгэ академием хэт, корреспондент Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ, тхыдэ щӏэныгъэхэмкӏэ магистр, адыгэм и пасэрей щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмкӏэ щӏэныгъэлӏ Гувэжокъуэ Джэбрэӏил, адыгэ уэрэдыжьхэр зэхуэзыхьэсыж, зыгъэзащӏэ Тэхъу Мухьэмэд, УФ-м и альпинист, ӏуащхьэмахуэ 139-рэ дэкӏа Шыбзыхъуэ Казбек сымэ.**

КУРЫТ еджапӏэм и унафэщӏ Джатокъуэ Риммэ хьэщӏэхэр щригъэблагъэм жиӏащ:

- Къытщӏэувэ щӏэблэм адыгэбзэр яӏурылъын, къызыхэкӏа лъэпкъым къикӏуа тхыдэ гъуэгуанэм щыгъуазэу къэтэджын, хабзэр зэрахьэн папщӏэ къуажэ администрацэм и ӏэтащхьэ Къандэхъу Леонидрэ сэрэ къыхэтлъхьа ӏуэхущ мыр. Дунейм и зыужьыгъуэ гуащӏэм хэпсэукӏ лъэпкъ мащӏэхэм я щэнхабзэр глобализацэм дэмыкӏуэдын папщӏэ лэжьыгъэшхуэхэр ирагъэкӏуэкӏ иджыпсту. Дэри апхуэдэ гупсысэ диӏэу, ди еджакӏуэ цӏыкӏухэр адыгэ щэнхабзэм, тхыдэм, бзэмкӏэ щӏэныгъэлӏхэм яӏудгъэщӏэну къыхэтлъхьащи, тхьэмахуитӏым зэ дызэхыхьэныр тхузэфӏэкӏыну догугъэ.

Адыгэр къызытекӏа лъэпкъыжьым теухуа «Хьэтхэр» романыр зи ӏэдакъэ къыщӏэкӏа Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ еджакӏуэхэр щигъэгъуэзащ илъэс мини 6-кӏэ узэӏэбэкӏыжмэ псэуа ди адэжьхэм я тхыдэм:

- Хэкум адыгэу исыр куэд дымыхъуми, дунейм текъухьа ди лъэпкъэгъухэм я бжыгъэр мелуани 7-м щӏегъу. Ахэр илъэси 101-кӏэ екӏуэкӏа Урыс-Кавказ зауэжьым ирихужьэу я лъахэр ирагъэбгынами, адыгэм тхыдэшхуэ и щӏыбагъ дэлъщ, «хьэтхэр» жыхуаӏэу Кавказымрэ Азие Цӏыкӏумрэ щыпсэуа лъэпкъыжьым дыкъытекӏащ. Ахэращ гъущӏым япэу елэжьын щӏэзыдзари, лъэпкъ зэмылӏэужьыгъуэхэр зэкъуагъэувэу Хьэт къэралыгъуэшхуэр къызэзгъэпэщари. Ар хъыбарыжь къудей мыхъуу, археологиер щыхьэт зытехъуэ тхыдэщ. Лъэпкъым и пщэдейр къыпызыщэнур, хабзэмрэ бзэмрэ и хъумакӏуэу къытщӏэувэр щӏэблэращи, а псоми хэфщӏыкӏын хуейщ. Цӏыхур къызыхэкӏамрэ и лъэпкъым къикӏуа гъуэгуанэмрэ зыщигъэгъуэза нэужь и дуней еплъыкӏэми зехъуэж, и хэкупсэр къызэщӏоушэ, - къыхигъэщащ абы и псалъэм.

Анфисэ зэпкърыхауэ и гугъу ищӏащ роман зыхуигъэпса Хьэт къэралыгъуэр къызэрыунэхуам, ахэр Кавказым икӏын хуей щӏэхъуам, я хуитыныгъэм папщӏэ зэзэуахэм, кӏуэдыжыгъуэ яхуэхъуам, хэкум къина хьэтхэр адыгэкӏэ зэджэж лъэпкъыу нобэм къызэрысам.

Еджакӏуэхэм гъэщӏэгъуэн ящыхъуащ Гувэжокъуэр зэлэжьри. Адыгэбзэр макъыбзэу, щӏыуэпсыбзэу зэрыщытым, пычыгъуэ къэси мыхьэнэшхуэ зэрыхэлъым, адыгэ тхыпхъэхэр пасэрей тхыбзэу зэрыщытым, тхыпхъэ къэси хъыбар щхьэхуэ къызэраӏуатэм тепсэлъыхьащ ар.

- Адыгэм и ӏэщэ-фащэр дахэу игъэщӏэращӏэ къудей мыхъуу, тхыпхъэ къэс мыхьэнэ гуэр щӏилъхьэу щытащ. Апхуэдэу, къамэм, сэшхуэм, хьэзырым, бзылъхугъэхэм я бостейм тещӏыхьа тхыпхъэхэм цӏыхур къахъумэу я фӏэщ хъурт ди адэжьхэм. Щӏэныгъэшхуэ бгъэдэлъащ ди япэ итахэм. А псоми теухуауэ ди щӏэныгъэлӏхэм тхылъ щхьэпэхэр ятхыжауэ щыӏэщи, зыщывгъэгъуазэмэ гъэщӏэгъуэн фщыхъунт, хэт ищӏэрэ, а лэжьыгъэхэм къыпызыщэн ӏэщӏагъэлӏ фыхъуну фыхъуэпсэнри хэлъщ, - жиӏащ Гувэжокъуэм.

Адыгэ уэрэдыжьхэм лъэпкъ тхыдэр ӏуэрыӏуатэ защӏэу нобэм къызэрахьэсам, псалъэжьхэм, жыӏэгъуэхэм, псынщӏэрыпсалъэхэм ӏущыгъэу хэлъым я гугъу ищӏащ Тэхъу Мухьэмэд. Нэхъыжьыфӏым гу лъитащ лъэхъэнэ гуэркӏэ тхыбзэ имыӏэу къэгъуэгурыкӏуа зауэлӏ лъэпкъым и блэкӏар ирихъумэн папщӏэ иуса уэрэдыжьхэм мыхьэнэшхуэ зэраӏэм, ар лъэпкъ щэнхабзэм и ӏыхьэшхуэу зэрыщытым.

Альпинизмэмкӏэ мастер, УФ-м и альпинист, адыгэ нып нэхъ ин дыдэр ӏуащхьэмахуэ дэзыха, «Щӏыхьымрэ лӏыгъэмрэ» я орденымкӏэ ягъэлъэпӏа Шыбзыхъуэ Казбек щӏалэгъуалэм щапхъэ зытрах къуажэдэсщ. Абы зэӏущӏэм къекӏуэлӏа ныбжьыщӏэхэр щигъэгъуэзащ ӏуащхьэмахуэ лъапэ и ӏэхэлъахэм къыщагъуэтыж фэеплъхэмрэ археологие къэхутэныгъэхэмрэ зыхуэдэм.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкӏэ Къэбэрдей-Балъкъэр щӏыналъэ ӏуэхущӏапӏэм ПИ № ТУ07-00117-м щӏэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокӏ. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщӏ-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.456 • Заказыр №544

ДИ ХЭЩӀАПӀЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинын и цӏэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщӏанэ къатхэр.

Газетым ӏэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, Есэнтӏыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А